O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M WORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATI’NDAGI’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLI’K UNIVERSITETI

**Qudaybergenov M., Xojanov Sh., Abdiev A**

# A’LIPBE HA’M IMLA

**Oqiw qollanba**

**No’kis-2013**

# ALG'I' SO'Z

Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an jan'a a'lipbege wo'tiw – da'wir talabi'. Buni' birinshi gezekte ha'zirgi zaman ilim ha'm texnikani'n' rawajlani'wi' keltirip shi'g'aradi'. Sog'an baylani'sli' Respublikami'zda 1993-ji'ldan baslap jan'a a'lipbege wo'tiw basqi'shpa-basqi'sh iske asi'ri'li'p ati'r. Ha'zirge shekem jan'a a'lipbege wo'tiw, woni' u'yreniw bag'dari'nda bir qatar jumi'slar ju'rgizildi. 1996-1997-woqi'w ji'li'nan baslap mekteplerdin' 1-klaslari'nda woqi'w jan'a a'lipbede woqi'ti'la basladi'. Jan'a a'lipbe boyi'nsha imla qag'i'ydalari', so'zlik, bag'darlamalar du'zildi, bir qansha metodikali'q qollanbalar du'zildi. Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universitetinde de lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an jan'a qaraqalpaq ha'm wo'zbek a'lipbelerin u'yretiwge ayri'qsha di'qqat qarati'ldi'. Du'ziwshiler wo'zlerinin' jan'a a'lipbeni woqi'ti'w ta'jiriybelerinen kelip shi'g'i'p ha'm usi' waqi'tqa shekem jan'a qaraqalpaq a'lipbesi ha'm imla qag'i'ydalari' boyi'nsha du'zilgen bag'darlamalardi', qollanbalardi' yesapqa ali'p bul qollanbani' du'zip shi'qti'. Qollanbada jan'a qaraqalpaq a'lipbesin ha'm imla qag'i'ydalari'n u'yretiwge arnalg'an teoriyali'q materiallar, shi'ni'g'i'wlar ha'm tapsi'rmalar, qosi'msha materiallar wori'n alg'an. 2009-ji'li' 8-oktyabrde boli'p wo'tken Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won to'rtinshi sessiyasi'nda lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an a'lipbege ayi'ri'm qosi'msha ha'm wo'zgerisler kirgizildi. Bul wo'zgerisler menen kirgen qosi'mshalardi' u'yretiw, ha'mme birgelkili duri's jazi'w ku'nnin' aktual ma'selelerinin' biri boli'p tur. Ha'mme birgelkili duri's jazi'wg'a wo'tiw, jazi'w ma'deniyati'mi'zdi'n' joqari'lawi'na ali'p keledi. Usi'nday maqsetten go'zlengen halda bul qollanba du'zilmekte.

Qollanba lati'n jazi'wi'n u'yreniwshiler ushi'n arnap du'zildi. Wonnan ja'ma'a'tshilik ken' tu'rde paydalani'wi' mu'mkin.

**U'SHINSHI SHAQI'RI'Q QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI' JOQARG'I' KEN'ESININ' WON TO'RTINSHI SESSIYASI'**

Joybar

«Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an Qaraqalpaq a'lipbesin yengiziw haqqi'nda» g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'na qosi'mshalar ha'm wo'zgerisler kirgiziw haqqi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n'

NIZAMI'

«Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an Qaraqalpaq a'lipbesin yengiziw haqqi'nda» g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'na to'mendegi qosi'mshalar ha'm wo'zgerisler kirgizilsin:

1. A'lipbege **C** ha'ribin kiritiw usi'ni's yetiledi. Bul ha'ripti rus yamasa basqa Evropa tillerinen kirgen so'zlerde jumsalatug'i'n kirillshedegi **ц** ha'ribi worni'nda qollani'ladi'. Mi'sali', ha'zirgidegidey ***tsex, tsement, tsentner*** ha'm.t.b. tu'rinde yemes, al ***cex, cement, centner, cirk*** ha'm.t.b. tu'rinde jazi'w qolayli' dep yesaplaymi'z.

2. So'z basi'nda **E, e** ha'ribi rus yamasa basqa Evropa tillerinen kirgen so'zlerde **э** worni'na g'ana qollani'li'wi' (**elektr** – **электр**, **ekran** – **экран**, **ekonomika** – **экономика**), al tu'pkilikli so'zlerdin' basi'nda bolsa **e** jazi'lmay, wol **y** ha'm **e** hariplerinin' dizbegi arqali' (yag'ni'y **ye** ko'rinisinde) jazi'ladi' (**yelek, yeki, yer, yertek, yesap, yetik** ha'm t.b.)

3. So'z basi'nda jumsalatug'i'n **O o** ha'ribinin' jag'dayi' da **c** si'yaqli' boladi'. Sonli'qtan, **o** ha'ribi de so'z basi'nda tek rus yamasa evropani'n' basqa tillerinen kirgen so'zlerde (**opera, orkestr** ha'm t.b.) qollani'ladi', al tu'pkilikli so'zlerdin' basi'nda yeki ha'rip penen (yag'ni'y **wo** ko'rinisinde) (**wot, woqpan, wol, woy** ha'm t.b.) jazi'ladi'.

4. Tek tu'pkilikli so'zlerde g'ana jumsalatug'i'n **o'** ha'ribi de so'zdin' basi'nda yesitiliwine qaray **wo'** tu'rinde jazi'li'wi' za'ru'r (**wo't, wo's, wo'mir, wo'r, wo'kiniw** ha'm t.b.).

5. Ha'zirgi ha'rekettegi dawi'sli' **?** ha'ribinin' lati'nsha varianti'ni'n' qaptali'nan apostrof qoyi'li'p, **I', i'** tu'rinde jazi'ladi'.

6. Rus tili yamasa evropa tillerinen kirgen so'zlerde jumsalatug'i'n kirillshedegi **ч** worni'na **ch** birikpeli ha'ribi ali'nadi'. Sonda **sh** ha'ribi **shash, shana, ash, shigit** si'yaqli' so'zlerde, al **ch** ha'ribi **chex, chek, Chexov** si'yaqli' rus yamasa basqa evropa tillerinen kirgen so'zlerde jumsaladi'.

Solay yetip, usi'ni'li'p ati'rg'an qaraqalpaq tilinin' lati'n imlasi'ndag'i' ha'ripler sani' 34, al solardi'n' ishinde dawi'sli'lari' 9 ha'ripten ibarat boli'p, wolar to'mendegiler:

**(A, a), (A', a'), (O, o), (O', o'), (U, u), (U', u'), (I, i), (I', i'), (E, e).**

Qaraqalpaq tilinin' lati'n jazi'wi'ndag'i' usi'ni'li'p ati'rg'an a'lipbesinin' strukturasi' ha'm kirillsheden lati'n a'lipbesine sa'ykeslik tablicalari' Ni'zamni'n' aji'ralmas bo'legi si'pati'nda 1 ha'm 2 qosi'mshalarda keltirilgen.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'
Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' M. Yerniyazov

# ALIPBE

## Qaraqalpaq a'lipbesindegi ha'ripler ha'm olardi'n' izbe-iz jaylasi'w ta'rtibi menen atlari'

| Q/t | Baspa | Jazba | Ayti'-li'wi' | Kirill | Q/t | Baspa | Jazba | Ayti'-li'wi' | Kirill |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Aa | Aa | a | а | 18 | N'n' | N̄n̄ | n̄e | н |
| 2 | A'a' | Āā | ā | ә | 19 | Oo | Oo | wo | о |
| 3 | Bb | Bb | be | б | 20 | O'o' | Ōō | wō | ө |
| 4 | Vv | Vv | ve | в | 21 | Pp | Pp | pe | п |
| 5 | Gg | Gg | ge | г | 22 | Rr | Rr | re | р |
| 6 | G'g' | Ḡḡ | ḡa | ғ | 23 | Ss | Ss | se | с |
| 7 | Dd | Dd | de | д | 24 | Tt | Tt | te | т |
| 8 | Ee | Ee | e | е,э | 25 | Uu | Uu | u | у |
| 9 | Jj | Jj | je | ж | 26 | U'u' | Ūū | ū | ү |
| 10 | Zz | Zz | ze | з | 27 | Ww | Ww | we | ў |
| 11 | Ii | Ii | i | и | 28 | Ff | Ff | fe | ф |
| 12 | Yy | Yy | ye | й | 29 | Xx | Xx | xa | х |
| 13 | Kk | Kk | ke | к | 30 | Hh | Hh | he | х |
| 14 | Qq | Qq | qa | қ | 31 | I'i' | Īī | ī | ы |
| 15 | Ll | Ll | la | л | 32 | Cc | Cc | ts | ц |
| 16 | Mm | Mm | me | м | 33 | Ch ch | Chch | che | ч |
| 17 | Nn | Nn | ne | н | 34 | Sh sh | Shsh | she | ш,щ |

# KIRISIW
# JAZI’WDI’N’ TARIYXI’NAN MAG’LUWMAT
# QARAQALPAQ TILI A’LIPBELERININ’ TARIYXI’NAN
# LATI’N JAZI’WI’NA TIYKARLANG’AN
# JAN’A QARAQALPAQ A’LIPBESI

Til – bizin’ biybaha bayli’g’i’mi’z. Wol arqali’ adamlar bir-biri menen qari’m-qatnas jasaydi’, pikir ali’sadi’, tu’sinisedi. Til arqali’ materialli’q ha’m ruwxi’y bayli’qlar wo’ndiriledi. Tilsiz adamlar ja’miyetin ko’z aldi’mi’zg’a keltiriw mu’mkin yemes.

Til arqali’ adamlardi’n’ qari’m-qatnas jasawi’ yeki tu’rde iske asadi’: awi’zeki ha’m jazba. A’lbette, da’slep woni’n’ awi’zeki tu’ri payda bolg’an. Awi’zeki tu’rde bildirilgen yamasa bildiriliwi za’ru’r bolg’an ayi’ri’m pikirlerdi, waqi’yalardi’, xabarlardi’ uzaq arali’qlarg’a jetkerip beriw yamasa uzaq waqi’tlar dawami’nda saqlaw za’ru’rligi kelip shi’qqan. Ayi’ri’m xabarlardi’ awi’zeki tu’rde jetkerip beriw de mu’mkin bolmag’an. Bul za’ru’rlik til arqali’ qari’m-qatnas jasawdi’n’ jazba tu’rinin’ payda boli’wi’na ali’p kelgen. Usi’ tiykarda jazi’w payda bolg’an. Biraq jazi’wdi’n’ da’slepki tu’ri ha’zirgi bizin’ jazi’wi’mi’zg’a usamag’an. Adamlar qanday da bir na’rse haqqi’nda woyi’n, pikirin bildirmekshi bolsa yamasa qanday da waqi’yani’ yekinshi bir adamlarg’a xabarlamaqshi’ bolsa wolardi’n’ su’wretlerin salg’an. Sonli’qtan jazi’wdi’n’ yen’ da’slepki tu’ri ***su’wret jazi’wi’*** yamasa ***piktografiyali’q jazi’w*** – dep ataladi’ (***piktografiya*** – lati’nsha ***piktus -«su’wret»***, ***grapho*** – grekshe ***«jazaman»*** degen so’zlerden qa’liplesken). Su’wret jazi’wi’ taslarg’a, su’yeklerge woyi’p jazi’lg’ani’n arxeologiya, etnografiya ilimleri tasti’yi’qlaydi’.

Su’wret jazi’wi’ adamlardi’n’ qari’m-qatnas jasawdag’i’ talaplari’n toli’q qanaatlandi’ra almag’an. Sebebi su’wretler tutas xabardi’ an’latatug’i’n bolg’anli’qtan wolardi’ birgelikli tu’siniw qi’yi’n bolg’an. Bul jag’day adamlardi’n’ jazi’wdi’n’ jan’a tu’rin woylap tabi’wi’na tu’rtki salg’an. Biraq su’wret jazi’wi’ni’n’ yen’ jaqsi’ u’lgileri saqlani’p qalg’an. Ma’selen, shen’geklerdin’ si’rtlari’na maldi’n’ basi’ni’n’ su’wretinin’ qi’sti’ri’li’p qoyi’li’wi’ yamasa ayaq kiyim satatug’i’n yaki won’laytug’i’n wori’nlarda ayaq kiyimnin’ su’wretinin’ ildirilip qoyi’li’wi’ ha’m t.b. Bular su’wret jazi’wi’ni’n’ izleri yekeni ko’plegen a’debiyatlarda yeskertiledi.

Jazi’wdi’n’ yekinshi tu’ri – tu’sinik jazi’wi’ yamasa ***ideografiyali’q jazi’w*** (***ideografiya*** – grekshe ***idea – «tu’sinik», grapho – «jazaman»*** degen so’zlerden qa’liplesken). Jazi’wdi’n’ bul tu’rinde tan’balar tu’siniklerdin’ sha’rtli belgisi retinde jumsalg’an. Woni’n’ ayi’ri’m u’lgileri ha’zirgi jazi’wi’mi’zda saqlang’an. Ma’selen, + (qosi’w), –– (ali’w), 5 (bes), 7 (jeti) ha’m t.b. Sonday-aq, ayi’ri’m xali’qlardi’n’, qa’wimlerdin’, ruwlardi’n’ menshikli tan’balari’ da tu’sinik jazi’wdi’n’ izleri boli’p tabi’ladi’.

Tu’sinik jazi’wi’n woqi’wda tu’rli mashqalalardi’ payda yetken. Sebebi woni’ woqi’p tu’siniw ushi’n aldi’n-ala wol haqqi’nda mag’luwmatqa iye boli’wi’ kerek. Sonli’qtan adamlar jazi’wdi’n’ jan’a tu’rin woylap tapqan. Bul jazi’w ***buwi’n jazi’w*** yamasa ***sillabografiyali’q jazi’w*** – dep ataladi’ (***sillabografiya*** grekshe ***sillabo – «buwi’n»***, ***grapho – «jazaman»*** degen so’zlerden qa’liplesken).

Bul jazi'wda so'zdegi buwi'nlar tan'balanadi'. Ha'zirgi buwi'n jazi'wg'a ***tibet, efiop, divanagar, qi'tay, yapon ieroglif*** jazi'wlari' kiredi.

Bizin' ha'zirgi jazi'wi'mi'z ***seslik jazi'w*** yamasa ***fonografiyali'q jazi'w*** dep atali'p, wol jazi'wdi'n' yen' jetilisken tu'ri boli'p yesaplanadi' (***fonografiya*** grekshe ***phone*** – ***«ses», grapho*** – ***«jazaman»*** degen so'zlerden qa'liplesken. Bul jazi'wda seslik birlikler wo'z aldi'na tan'balar menen tan'balanadi'. Soni' umi'tpaw kerek, tildegi ha'r bir ses yemes, al fonemalar ha'ripler menen tan'balanadi'.

Ha'riplerdin' belgili bir izbe-izlikte jaylasti'ri'li'wi' ***a'lipbe*** dep ataladi'. A'lipbedegi ha'riplerdin' wori'n ta'rtibinin' qatan' saqlani'wi' u'lken a'meliy a'hmiyetke iye. Jazi'wdi'n' tariyxi'nda ha'm jazi'w isinde ken'nen taralg'an **seslik a'lipbeler** ***finikiy, aramey, grek, lati'n, slavyan a'lipbeleri*** boli'p tabi'ladi'. Ha'zirgi waqi'tta bul a'lipbelerge ayi'ri'm wo'zgerisler kirgiziw arqali' du'nya xali'qlari' ta'repinen ken' tu'rde paydalani'lmaqta.

A'lipbenin' payda boli'wi' **Egipet, Finikiya, Greciya** si'yaqli' a'yyemgi ma'mleketlerden baslang'an. ***Konsonantli'q seslik jazi'w*** b.e.b. yeki mi'n'i'nshi' ji'llardi'n' yekinshi yari'mi'na, al ***vokalizaciyalasqan seslik jazi'w*** b.e.b. bir mi'n'i'nshi' ji'llardi'n' basi'na tuwri' keledi. ***Buwi'n jazi'wi'*** b.e.b. u'sh mi'n'i'nshi' ji'li' ha'zirgi Irak territoriyasi'ndag'i' ***Shumerde*** payda bolg'an. Shumerler ***klinops*** degen jazi'wdi' payda yetken ha'm wonnan ***vavilonlar*** menen ***assuriyliler*** paydalang'an.

A'yyemgi jazi'wdi'n' tag'i' biri ***yeski yegipet jazi'wi'*** boli'p, wonda ***ieroglifler*** menen tan'balang'an 26 dawi'ssi'z ha'rip bolg'an. Finikiy a'lipbesinde dawi'ssi'zlardi' an'latatug'i'n 22 ha'rip bolg'an. Demek, bul a'lipbelerdin' ha'mmesinde tek dawi'ssi'zlardi' an'latatug'i'n ha'ripler boli'p, sonli'qtan wolar ***konsonantli'q a'lipbeler*** dep ataladi' (***konsonantizm*** – lati'nsha ***consonans «dawi'ssi'z ses»*** degen ma'nini an'latadi').

***Aramey jazi'wi'ni'n'*** tiykari'nda ***yevrey, siriya, iran, arab jazi'wlari'*** payda bolg'an. Bulardi'n' ishinde ***iran jazi'wi'*** (wol ***pexlevey jazi'wi'*** dep te ataladi') tiykari'nda ***uyg'i'r, manshujur, mongol, buryat a'lipbeleri*** qa'liplesken. VII a'sirde arablardi'n' jawlap ali'wshi'li'q siyasati' na'tiyjesinde shi'g'i'sta arab jazi'wi' ken'nen tarag'an. Arab a'lipbesi de ***konsonantli'q a'lipbe*** boli'p, wonda da tek dawi'ssi'zlar ayri'qsha ha'ripler menen tan'balandi', al dawi'sli'lardi' an'lati'w ushi'n qosi'msha ***diakritikali'q belgiler*** jumsaldi'.

***Grek a'lipbesi konsonantli'q a'lipbe*** boldi'. Al bizin' erami'zdan buri'ng'i' VIII-VII a'sirlerge kelgende ***vokalli'q a'lipbege*** wo'tti (***vokalizm*** lati'nsha, bizin'she ***«dawi's»*** degendi bildiredi).

B.e.b. 403-ji'li' ***Afinada klassikali'q grek a'lipbesi*** qabi'l yetilip, wonda 17 dawi'ssi'z, 7 dawi'sli' sesti an'latatug'i'n 24 ha'rip bolg'an. ***Egipetliler, finikiyliler, arablar*** won'nan solg'a qaray jazatug'i'n bolsa, ***grekler*** soldan won'g'a qaray jazatug'i'n boldi'. ***Grek a'lipbesi*** basqa a'lipbelerdin' payda boli'wi'na ku'shli ta'sir jasadi'. Lingvistikali'q a'debiyatlarda ***lati'n, slavyan, armiyan, gruzin a'lipbelerinin' grek a'lipbesi*** ta'sirinde payda bolg'ani' jazi'lg'an.

Lati'n a'lipbesinin' watani' ***a'yyemgi Rim qalasi'*** boldi'. Rimliler lati'nlar dep ataladi'. ***Klassikali'q lati'n a'lipbesi*** 23 ha'ripten turadi'. Bul a'lipbeden tek lati'nlar yemes, al basqa xali'qlar da ken' paydalanadi'. A'sirese XIV a'sirge kelgende

qag'azdi'n' payda boli'wi', kitap basi'p shi'g'ari'w islerinin' jolg'a qoyi'li'wi' sebepli wonnan paydalani'w ja'ne de ku'sheydi. Ha'zirgi waqi'tta du'nya xali'qlari' lati'n jazi'wi' tiykari'ndag'i' 70-80 a'lipbeden paydalani'p ati'r.

Qaraqalpaq xalqi' 1924-ji'li' arab jazi'wi'na tiykarlang'an a'lipbeni qabi'l yetti. Bul a'lipbede da'slepki gazeta ha'm jurnallar, mektep sabaqli'qlari' jazi'la basladi'. Biraq arab a'lipbesindegi ha'ripler to'rt tu'rli boli'p jazi'ladi': jeke turg'anda, so'zdin' basi'nda, wortasi'nda, aqi'ri'nda bo'lek tan'balar menen belgilenedi. Usi' qi'yi'nshi'li'qlar sebepli woni' xali'qti'n' tez wo'zlestiriwi mu'mkin bolmadi'. Sonli'qtan 1928-ji'li' lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an a'lipbe qabi'l yetildi. Bul qabi'l yetilgen a'lipbeni xalqi'mi'z tez wo'zlestirdi. Qabi'l yetilgen a'lipbe boyi'nsha 1932-1938-ji'llari' Respublikali'q ilimiy konferenciyalar wo'tkerilip a'lipbe kem-kem jetilistirilip bari'ldi'. Biraq sol waqi'ttag'i' da'wir siyasati' sebepli 1940-ji'lg'a kelip kirill jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesi qabi'l yetildi. Wonda 35 ha'rip boldi'. 1957-ji'lg'a shekem wol a'lipbede qaraqalpaq tilinin' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerin ayi'ri'm seslerge (u', w, o', g', a', n') wo'z aldi'na ha'ripler qabi'l yetilmedi.

Buri'ng'i' Ken'es hu'kimeti tarqap, woni'n' qurami'ndag'i' awqamlas respublikalar wo'z aldi'na ma'mleket boli'p du'zile basladi'. 1993-ji'ldan baslap Wo'zbekstan Respublikasi'nda lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an jan'a a'lipbege wo'tiw boyi'nsha jumi'slar baslandi'. Bundag'i' go'zlengen maqset – jazi'wi'mi'zdi' yele de jetilistiriw, so'ylew tili menen jazi'wdi' jaqi'nlasti'ri'w, texnikali'q qurallardi' men'geriwdi jetilistiriw. Sonday-aq, joqari'da aytqani'mi'zday, du'nyani'n' ko'pshilik xali'qlari' lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an a'lipbelerden paydalanadi'. Bul a'lipbe tiykari'nda jazi'lg'an a'debiyatlardi' woqi'p tu'siniwimizdi tezlestiriwde jan'a a'lipbege wo'tiw u'lken a'hmiyetke iye.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda bul bag'darda bir qatar jumi'slar a'melge asi'ri'ldi'. Qaraqalpaqstanda «Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an a'lipbege wo'tiw haqqi'ndag'i'» Wo'zbekstan Respublikasi'ni'n' 1993-ji'li' 2-sentyabrdegi ni'zami'na muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi 1993-ji'li' 8-sentyabrde lati'n jazi'wi' negizinde jan'a qaraqalpaq a'lipbesin tayarlaw boyi'nsha sheshim qabi'l yetti. Usi' tiykarda 1994-ji'li' lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an jan'a qaraqalpaq a'lipbesinin' joybari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won jetinshi sessiyasi'nda qabi'l yetildi. Wonda 32 ha'rip boldi'.

Bul qabi'l yetilgen a'lipbede ayi'ri'm kemshilikler boldi'. Sonli'qtan 1995-ji'li' 25-mayda boli'p wo'tken Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' yekinshi sessiyasi'nda «Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesin yengiziw haqqi'nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami'na wo'zgerisler kirgiziw haqqi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' shi'g'ari'ldi'. Jan'a a'lipbe ha'm qag'i'ydalardi' islep shi'g'ari'wda jazi'wi'mi'zda ha'zirgi zaman texnika qurallari'nan ken' paydalani'wi'mi'zg'a baylani'sli' ayi'ri'm ma'selelerdi sheship ali'w kerek boladi'. Sol ushi'n da lati'n a'lipbesindegi ayi'ri'm ha'riplerdi qabi'l ali'wda tu'rkiy xali'qlardi'n' a'lipbelerindegi ayi'ri'm ha'riplerdi qabi'l ali'wda tu'rkiy xali'qlardi'n' a'lipbelerindegi payda bolg'an ta'jiriybege su'yenip qaraqalpaq a'lipbesi tiykari'nda is ju'rgiziwshi, ma'deniy jaqtan rawajlang'an ma'mleketlerdin' jazi'wlari'na jaqi'nlasti'ri'w ko'zde tuti'ldi'. Usi' tiykarda

1995-ji'li' 25-mayda 1994-ji'li' qabi'l yetilgen a'lipbege ayi'ri'm wo'zgerisler kirgizildi. Ha'zir sol qabi'l yetilgen a'lipbeni yendiriw boyi'nsha jumi'slar ali'p bari'lmaqta. 1996-1997-woqi'w ji'li'nan baslap 1-klasqa barg'an mektep woqi'wshi'lari' jan'a a'lipbede woqi'y basladi'.

## Shi'ni'g'i'wlar

***1-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi tekstti lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an jan'a qaraqalpaq a'lipbesinde jazi'n'.

### Нанның қәдири

Бир күни Оразымбет аға үйине кире берген жерде нанның топыраққа былғанып атырған бир неше усағына көзи түсти. Дәрриў ийилип, үплеп-үплеп, еки қоллап алды да, маңлайына қайта-қайта тийгизди. Балаларын шақырып алып былай деди:

–Мине, сизлердиң заялаған нанларыңыз! Нанның усағы – ушығаның қыйқымы! Оны жерге түсирмей жеў керек. Нан – өмир азығы, Адам мийнетиниң жемиси. Нан бар жерде тиришилик бар. Адамға ҳаўа, суў қандай керек болса, нан да сондай керек. Адамлар наннан басқа аўқаттың түрлерин жемесе де, нан бар жерде өмир сүре алады. Қандай да себеплер менен нан табылмай қалса, халық гүйзелиске ушырайды.

Бизиң ата-бабаларымыз нанды алтыннан зыят қәдирлеп, қүдиретли күш санап, оған шексиз ҳүрмет еткен. Буннан бир неше жыл бурын суўық ерте келип, егинлерди суўық урып кетти. Егинлер көк қалды. Елде ашаршылық басланды. Ашлықтан халық қырылып, туўысқан-туўғанларынан айырылды. Киндик қаны тамған жерди таслап, бир тислем нан ушын «Шопан басына турымтай тусына кетти. – Жердиң, суўдың хожасы болған байдан, бийден, мола-ийшанлардан ҳеш қол-қабыс болмады. Олардың пәрўайы-пәнсери болып, муртын балта кеспеди.

Ашлыққа ушыраған халық қырылып баратырғанлықтан бир күн болса да тиришилик етиў ушын уўыздай қызларын, балларын жуқналы байларға ярым батпан жүўериге сатып кетти. Мине, бул ашаршылықтың ақыбети. Ал, сизлер нанның қәдир-қымбатына парықсызсыз ғой, шырақларым!

(Х.Тәжимуратов)

***2-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi so'zlerdi a'lipbe ta'rtibinde du'zin'.

Xabar, foto, xabarshi', shi'g'arma, iyis, zaman, quwat, muz, qawi'n, patriot, internat, inin', du'nya, dog'alaq, drama, gazeta, at, ataw, atli'q, a'diwli, balta, vagon, aqi'l, nag'i'z, molshi'li'q, tatli', tut, waqi't, u'tir, ulli', un, shen'gel, shatqal, sha'rtnama, i'lg'al, shi'rpi', eksponat, energetika, tu'n, u'sh, u'mit, u'git, ushi'rma, un, uw, uqsas, uyg'i'r, ti's, ti'rnaq, jan, tamaq, suwi'q, sociolog, sog'i'w, ses, ha'rip, svetafor, saz, so'ylew, so'zshil, radio, kesent, intizar, ku't, zawi'q, za'wlim, roza, ja'ziyra, jaz, ba'ha'r, bilet, ba'lent, baxi't, geografiya, bati's, aw, ayti's, atalas, shay, Shi'mbay, Qon'i'rat, Moynaq, Kegeyli, Qarataw, A'miwda'rya, Taqi'yatas, Xojeli, No'kis, Qusqana, Yerkinda'rya, Shortanbay, Beruniy, Qalli'jag'i's, Da'wkempir, Yellikqala, Xalqabad ha'm t.b.

### Sorawlar ha’m tapsi’rmalar

1. Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jan’a a’lipbege wo’tiwdin’ sebeplerin tu’sindirin’.
2. Jazi’wdi’n’ tariyxi’ haqqi’nda ayti’p berin’.
3. Kirill a’lipbesindegi ha’ripler menen jan’a qaraqalpaq a’lipbesindegi sa’ykes ha’riplerdi ani’qlan’.

## A’LIPBEDEGI HA’RIPLERDIN’ XI’ZMETI HA’M IMLASI’
## A, A’, I’, I, E HA’RIPLERININ’ IMLASI’

Jan’a qaraqalpaq a’lipbesine kirgen ha’ripler xi’zmetine qaray yeki tu’rli boli’p bo’linedi: 1) dawi’sli’ seslerdi bildiriwshi ha’ripler; 2) dawi’ssi’z seslerdi bildiriwshi ha’ripler. Kirill jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesinde ha’ripler xi’zmetine qaray u’sh tu’rge bo’linetug’i’n yedi. U’shinshi topardi’ ayi’ri’w ha’m jin’ishkertiw belgileri quradi’. Biraq lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jan’a qaraqalpaq a’lipbesinde bul belgilerdin’ qabi’l yetilmegenine baylani’sli’ ha’ripler yeki toparg’a bo’linedi. Jan’a a’lipbede 34 ha’rip ha’m yeki ha’rip birikpesi (sh, ch) bar. A’lipbedegi ha’ripler 39 seslik birlikti an’lati’w ushi’n qollani’ladi’. Bunda ha’riplerdin’ izbe-iz jaylasi’wi’ kirill a’lipbesine sali’sti’rg’anda bir qatar wo’zgesheliklerge iye. Jan’a a’lipbedegi ha’riplerdin’ izbe-iz jaylasti’ri’li’wi’nda grafemalardi’n’ usasli’g’i’ yesapqa ali’ng’an.

Qaraqalpaq tilinin’ lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jan’a a’lipbesinde dawi’sli’ seslerdi bildiretug’i’n uluwma sani’ 9 tan’badan ibarat: a, a’, o, o’, u, u’, i’, i, e. Dawi’sli’ sesler tildin’ jazi’q jag’dayi’ boyi’nsha *juwan ha’m jin’ishke*, tildin’ tik jag’dayi’ boyi’nsha *ashi’q ha’m qi’si’q*, yerinnin’ qatnasi’ boyi’nsha *yerinlik ha’m yeziwlik* boli’p bo’linedi.

<table>
<tr><td>Tildin’ jazi’q jag’dayi’ ha’m yerinnin’ qatnasi’ boyi’nsha</td><td colspan="3">Jin’ishke</td><td colspan="2">Juwan</td></tr>
<tr><td rowspan="2">Tildin’ tik jag’dayi’ boyi’nsha</td><td colspan="2">yeziwlik</td><td>yerinlik</td><td>yeziwlik</td><td>yerinlik</td></tr>
<tr><td>til aldi’</td><td colspan="2">til wortasi’</td><td colspan="2">til arti’</td></tr>
<tr><td>Qi’si’q</td><td>e</td><td>i</td><td>u’</td><td>i’</td><td>u</td></tr>
<tr><td>Ashi’q</td><td></td><td>a’</td><td>o’</td><td>a</td><td>o</td></tr>
</table>

Bul sabaqta biz yeziwlik dawi’sli’lardi’ bildiriwshi ha’riplerdin’ imlasi’na toqtaymi’z.

**A** haribi a’lipbede ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha birinshi wori’nda turadi’. Woni’n’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **A,** kishi ha’ribi **a,** jazba tu’rinin’ bas ha’ribi ***A*,** kishi ha’ribi ***a***.

**A** ha’ribi juwan, yeziwlik, ashi’q dawi’sli’ sesti an’latadi’. Woni’ aytqani’mi’zda til artqa toli’q sheginedi, tildin’ ushi’ tu’sin’ki boladi’, yerinler biyta’rep jag’dayda turadi’. **A** ha’ribi so’zdin’ barli’q yesitilgen jerinde jumsala beredi. So’zdin’ basi’nda: *at, aqi’l, ali’m, almurt, alg’i’s, awi’r* ha’m t.b.; so’zdin’ wortasi’nda: *san, sanli’q, xali’q, sabaq, mag’an, sari’* ha’m t.b.; so’zdin’ aqi’ri’nda: *imla, tuwra, paxta, taxta, baha* ha’m t.b. **A** ha’ribi qosi’mtalardi’n’ basi’nda, wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda da jumsaladi’: *-ar* (kelbetlik feyil qosi’mtasi’), *-ag’an* (kelbetlik jasawshi’ qosi’mta), *paz* (atli’q jasawshi’ qosi’mta), *-las* (feyil jasawshi’ qosi’mta), *-sha* (ra’wish jasawshi’ qosi’mta) ha’m t.b.

Ayi’ri’m arab-parsi’ tillerinen wo’zlesken so’zlerde **a** ha’ribi qabatlasi’p jumsaladi’. Biraq wolardi’ qabatlasti’ri’p jazg’ani’mi’z benen wolar ayti’wda wo’zgeriske ushi’raydi’. Mi’sali’: *saat-sag’at, ala at-alat, qanaat-qanahat* ha’m t.b. Demek, yeki **a** ha’ribi qabatlasi’p kelgende wolardi’n’ birewi tu’sip qaladi’ (ala at-alat) yamasa wolardi’n’ aralari’na **g’** yamasa **h** sesleri qosi’li’p ayti’ladi’ (saat-sag’at), (qanaat-qanahat). Yeki dawi’sli’ni’n’ qatar kelmewi uluwma tu’rkiy tiller ushi’n ta’n bolg’an tiykarg’i’ ni’zamli’qlardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’.

**A** ha’ribinin’ jazba tu’rinin’ kishi ha’ribi asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *al, alma, qala, bala* ha’m t.b. Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi worta bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: Asqar, Azamat, Aysuli’w ha’m t.b.

**A’** ha’ribi a’lipbede ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha yekinshi wori’nda turadi’. Woni’n’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **A’**, kishi ha’ribi **a’**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **A’**, kishi ha’ribi **a’**.

**A’** ha’ribi jin’ishke, yeziwlik, ashi’q dawi’sli’ sesti an’latadi’. Woni’ aytqani’mi’zda til awi’z quwi’sli’g’i’ni’n’ wortasi’nda turadi’, tildin’ ushi’ tu’sin’ki boladi’, yerinler biyta’rep jag’dayda turadi’. Bul ha’rip ko’binese so’zdin’ birinshi buwi’ni’nda, ayi’ri’m so’zlerdin’ yekinshi ha’m son’g’i’ buwi’nlari’nda jumsaladi’. So’zdin’ birinshi buwi’ni’nda: *a’det, a’debiyat, qa’lem, a’lem, a’piwayi’* ha’m t.b. so’zdin’ yekinshi ha’m son’g’i’ buwi’nlari’nda: *ba’ha’r, sira’, A’bdira’suwli, na’ha’n, ja’ha’n* ha’m t.b. **A’** ha’ribi qosi’mtalarda jumsalmaydi’.

**A’** ha’ribi de **a** ha’ribi si’yaqli’ ayi’ri’m so’zlerde qabatlasi’p jumsaladi’. Wolar qabatlasi’p kelgende aralari’na **h** dawi’ssi’zi’ qosi’li’p ayti’ladi’, biraq wol jazi’wda yesapqa ali’nbaydi’. Mi’sali’: *zu’ra’a’t-zu’ra’ha’t, sha’pa’a’t-sha’pa’ha’t* ha’m t.b.

**A’** ha’ribinin’ jazba tu’rinin’ kishi ha’ribi asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *a’lem, sa’lem, qa’dem, a’sker* ha’m t.b. Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi worta bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *A’met, A’miwda’rya, A’limbet* ha’m t.b.

**I’** ha’ribi a’lipbede ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha woti’z birinshi wori’nda turadi’. Woni’n’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **I’**, kishi ha’ribi **i’**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **I’**, kishi ha’ribi **i’**.

**I’** ha’ribi juwan, yeziwlik, qi’si’q dawi’sli’ sesti an’latadi’. Wol so’zdin’ barli’q yesitilgen jerinde jazi’la beredi. So’zdin’ basi’nda: *i’laq, i’q, i’lay, i’qlas, i’g’bal,*

*i'qsham, i'laqa* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: *qi'yal, qi's, qi'zi'q, qi'yi'n* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *i'ssi', shalg'i', jarg'i', sali'* ha'm t.b. Qosi'mtalardi'n' basi'nda, wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda da jumsala beredi: *-i's* (sheriklik da'reje qosi'mtasi'), -*i'm* (tarti'm jalg'awi'), *-ti'n'* (seplik jalg'awi'), *-qi'* (kelbetlik jasawshi' qosi'mta), -*shi'* (atli'q jasawshi' qosi'mta) ha'm t.b.

Rus tili ha'm wol arqali' basqa tillerden kirgen so'zlerde **i'** ha'ribi sozi'li'n'qi' ayti'ladi': *ti'l* (ti'lda xi'zmet yetiw), *ci'gan* (cigan keldi), *si'r* (si'r jedim) ha'm t.b.

**I'** ha'ribinin' kishi tu'ri asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi'*: i'qli'm, i'las, bi'yi'l, qi'yi'n* ha'm t.b. Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi de asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'ladi': *I'qlas, I'ri'squl* ha'm t.b.

**I** ha'ribi a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha won birinshi wori'nda turadi'. Woni'n' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **I**, kishi ha'ribi **i**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **I**, kishi ha'ribi **i**.

**I** ha'ribi jin'ishke, yeziwlik, qi'si'q dawi'sli' sesti an'latadi'. Woni' aytqanda til awi'z quwi'sli'g'i'ni'n' wortasi'nda jaylasadi', tildin' ushi' ko'teriledi, yerinler biyta'rep boladi'. **I** ha'ribi so'zdin' yesitilgen wori'nlari'nda jazi'la beredi. So'zdin' basi'nda: *is, ilim, ini, iyne, ilgeri* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: *bilim, kitap, bilgir* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *yeski, yeki, jeti, kisi* ha'm t.b. Qosi'mtalardi'n' basi'nda, wortasi'nda, aqi'ri'nda jumsala beredi: -in (wo'zgelik da'reje qosi'mtasi'), -ik (atli'q jasawshi' qosi'mta), -ewik (kelbetlik jasawshi' qosi'mta), -gish (kelbetlik jasawshi' qosi'mta), -shi (atli'q jasawshi' qosi'mta) ha'm t.b.

Rus tilinen kirgen so'zlerde i ha'ribi sozi'li'n'qi' sesti an'latadi': *kino* (kiyno), *kiosk* (kiyosk), *Kiev* (Kiyev) ha'm t.b.

**I** ha'ribinin' tutasti'ri'li'p jazi'li'wi' **i'** ha'ribi si'yaqli' wo'zgeshelikke iye. Usi' jerde *i'y,-iy* qosarli'lari' haqqi'nda da ayti'p wo'tken jo'n. Wol *ji'y, ji'yi'n, kiy, kiyin, qi'yi'n, a'debiy, ma'deniy, ilimiy* si'yaqli' so'zlerde qosarli' tu'rinde jumsaladi'. Biraq *qa'nige, ta'g'dir, ta'sir* ha'm t.b. so'zlerinde *i* ha'ribi so'ylewde a'dettegiden sozi'li'n'qi'rap ayti'lsa da, jazi'wda yesapqa ali'nbaydi'. Biraq ha'zirgi jazi'w islerinde *qa'nige* so'zi qa'niyge, *ta'g'dir* so'zi ta'g'diyir, *ta'sir* so'zi ta'siyir tu'rinde de jazi'li'p kiyati'r. Wolardi' qa'nige, ta'g'dir, ta'sir tu'rinde jazi'w kerekligi imla qag'i'ydalari'nda ko'rsetilgen. **I'** ha'ribi de, **I** ha'ribi de singarmonizm ni'zami'na baylani'sli' birinshi buwi'ndag'i' yerinlik dawi'sli'ni'n' ha'm **w** dawi'ssi'zi'ni'n' ta'sirinen **u** yamasa **u'** dawi'sli' seslerine aylani'p ayti'ladi': *qawi'n-qawun, qoli'-qolu, woni'n'-wonun', tu'si-tu'su', tusi'-tusu, tawi'q-tawuq* ha'm t.b. Bunday wo'zgerisler jazi'wda yesapqa ali'nbaydi'. Biraq jan'a a'lipbede *huqi'q, bu'lbil, du'ldil, mag'li'wmat* ha'm t.b. so'zlerdi *huquq, bu'lbu'l, du'ldu'l, mag'luwmat* tu'rinde jazi'w yesapqa ali'ndi'.

**E** ha'ribi a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha segizinshi wori'nda turadi'. Woni'n' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **E**, kishi ha'ribi **e**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **E**, kishi ha'ribi *e*.

**E** ha'ribi jan'a qaraqalpaq a'lipbesinde yeki sesti an'latadi': **e** ha'm kirill a'lipbesindegi **э** seslerin. **E** ha'ribi **э** sesin wo'zlestirilgen so'zlerde bildiredi: *электр* (elektr), *экономика* (ekonomika). **E** ha'ribi **э** sesin bildirgende til aldi'nda jaylasadi', tildin' ushi' ko'terin'ki boladi', yerinler biyta'rep boladi'. **E** ha'ribi tu'pkilikli so'zlerdin' basi'nda kelgende diftong (grekshe *di* – «yeki», *phtongos* – «dawi's, ses»

degendi bildiredi) xi’zmetin atqaradi’, yag’ni’y **ye** qosarli’ sesin bildiredi: *yeshki* (yeshki), *yeki* (yeki), *yeger* (yeger). Singarmonizm ni’zami’na baylani’sli’ *e* ha’ribi *o’* sesin de an’latadi’*: tu’ye, ku’ye* ha’m t.b. so’zlerde da’slepki buwi’ndag’i’ yerinlik dawi’sli’ni’n’ ta’sirinen **e** ha’ribi **o’** sesine aylani’p ayti’ladi’, biraq wol jazi’wda yesapqa ali’nbaydi’: *tu’ye-tu’yo’, ku’ye-ku’yo’.* **E** ha’ribi tu’pkilikli so’zlerdin’ wortasi’nda, aqi’ri’nda kelgende monoftong (grekshe *mono* – «bir», *phtongos* – «dawi’s, ses» degendi bildiredi) **ye** sesin bildiredi: *sen, keshe, bilezik, qa’nige* ha’m t.b.

**E** ha’ribi so’zdin’ barli’q wori’nlari’nda da jumsaladi’. Sonday-aq, wol qosi’mtalardi’n’ basi’nda, wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda da jumsaladi’: *-ew* (ji’ynaqlaw sanli’g’i’n jasawshi’ qosi’mta), *-ker* (atli’q jasawshi’ qosi’mta), *-le* (feyil jasawshi’) ha’m t.b.

**E** ha’ribinin’ jazba tu’rinin’ kishi ha’ribi asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *yel, yedi, terek, kerek* ha’m t.b. Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi de asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *Yedil, Yerimbet, Yerkinda’rya, Yellikqala* ha’m t.b.

Uluwma aytqanda, qaraqalpaq tilindegi a, a’, i’, i, e ha’riplerinin’ imlasi’ buri’ng’i’ a’lipbedegi sa’ykes ha’riplerdin’ imlasi’nan u’lken ayi’ri’mashi’li’qqa iye yemes. Tek ***e*** ha’ribine yeki tu’rli xi’zmet ju’klengen: wol tu’pkilikli so’zlerdin’ basi’nda ***ye*** sesin bildiredi, al rus ha’m wol arqali’ basqa tillerden kirgen so’zlerdin’ basi’nda ***e*** sesin an’latadi’.

## Shi’ni’g’i’wlar

***3-shi’ni’g’i’w.*** To’mendegi berilgen so’zlerdegi ko’p noqatti’n’ worni’na tiyisli ha’riplerdi qoyi’p shi’g’i’n’.

G’...rezsizlik, bayr...q, g...mn, Wo’zb...kstan, b...l...m, g...rb, Respubl...ka, Pr...z...d...nt, ...miwda’rya, No’k...s, un...v...rs...t...t, woq...t...wsh..., ...l...ktr, ...k...n...m...k..., ...r...l, t...n’...z, M...mb...tk...r...m, Sh...r...p...td...n, Q...d...rb...y, ...lp...m...s.

***4-shi’ni’g’i’w.*** Juwan dawi’sli’ bar so’zlerdi bir bo’lek, jin’ishke dawi’sli’ bar so’zdi bir bo’lek ha’m wolardi’n’ yekewi de qabatlasqan so’zlerdi bir bo’lek jazi’n’.

Adam, insan, miyman, kesh, ba’ha’r, qi’s, jaz, saat, minut, ji’l, ay, a’sir, qasqi’r, ayi’w, kiyik, si’yi’r, yeshki, tawi’q, ma’yek, iyne, sabaq, kitap, da’pter, qa’lem, etaj, shash, bet, ayaq, ko’kirek, da’stan, roman, povest, a’rman, qi’yal, woy, so’ylew, ayti’w, yadlaw, jazi’w, si’zi’w, ishiw, uyi’qlaw, yeki, jeti, tog’i’z, bu’gin.

## Sorawlar ha’m tapsi’rmalar

1. Qaraqalpaq tilinin’ imla so’zliginen (No’kis, 1997) a, a’, i’, i, e ha’riplerinen baslanatug’i’n so’zlerge 10-15 mi’saldan keltirin’.
2. A’ ha’ribinin’ yekinshi buwi’nda ushi’rasi’wi’na yadtan won mi’sal jazi’n’.
3. E ha’ribinin’ e sesin bildiriwine mi’sallar keltirin’.
4. E ha’ribinin’ so’zdin’ basi’nda kelgende ye qosarli’ sesin an’lati’wi’na yadtan mi’sallar ayti’n’.
5. I’ ha’m I ha’ripleri qanday seslerdi bildiretug’i’ni’n ayti’p berin’.
6. A, a’, e ha’riplerinin’ qanday seslerdi an’latatug’i’ni’na si’patlama berin’.

7. A'lipbedegi ha'riplerdin' xi'zmetin tu'sindirin'.

## O, o', u, u' ha'riplerinin' imlasi'.
## Qaraqalpaq tili imla qag'i'ydalari'ni'n' su'yenetug'i'n tiykarlari'

Qaraqalpaq tilinde *o, o', u, u'* ha'ripleri ushi'n birdey belgi - bul wolardi'n' yerinlik dawi'sli' seslerdi an'lati'wi'.

**O** ha'ribi a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha jigirmalanshi' wori'nda turadi'. Woni'n' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **O**, kishi ha'ribi **o**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **O**, kishi ha'ribi **o**.

**O** ha'ribi juwan, yerinlik, ashi'q dawi'sli' sesti bildiredi. O sesin aytqanda til artqa tarti'ladi', tildin' ushi' to'men tu'sedi, yerinler alg'a qaray u'yiriledi.

**O** ha'ribi so'zdin' basi'nda ha'm wortasi'nda jumsaladi'. Mi'sali': *wol, jol, woqi'w, tolg'aw, woti'z, worta, solqi'm* ha'm t.b. Wol so'zdin' aqi'ri'nda kino, radio si'yaqli' so'zlerde jumsaladi', qosi'mtalarda jumsalmaydi'. **O** ha'ribi so'zdin' basi'nda mudami' diftong boladi', yag'ni'y *wo* qosarli' sesin an'latadi'. Ha'zir bul jazi'wda yesapqa ali'ni'p *oti'n* so'zi *woti'n, ol* so'zi *wol* dep jazi'ladi'. Al so'zdin' wortasi'nda monoftong boladi': *tog'i'z, jol, joldas, torg'ay* ha'm t.b.

Rus tili ha'm wol arqali' basqa tillerden kirgen so'zlerde **o** ha'ribine pa't tu'spese wol **a** sesin an'latadi'. Mi'sali': *potok* (patok), *motor* (mator), *obyekt* (abyekt) ha'm t.b. Biraq jazi'wda **o** ha'ribinin' **a** sesin bildiriwi yesapqa ali'nbaydi'. Al pa't tu'sse wol **o** sesin an'latadi': *radio, orden, opera, tochka* ha'm t.b.

**O** ha'ribinin' jazba tu'rinin' kishi ha'ribi u'stin'gi bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *woti'r, toqta, woraq, topi'raq* ha'm t.b. Woni'n' bas ha'ribi qosi'msha, ja'rdemshi belgi arqali' asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Worazbay, Wori'nbay, Woti'rar* ha'm t.b.

**O'** ha'ribi a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha jigirmalanshi wori'nda turadi'. Woni'n' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **O'**, kishi ha'ribi **o'**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **O'**, kishi ha'ribi **o'**.

**O'** ha'ribi jin'ishke, yerinlik, ashi'q dawi'sli' sesti an'latadi'. Woni' aytqanda til aldi'da, woni'n' ushi' to'men tu'sin'ki boladi', yerinler alg'a u'yriledi.

**O'** ha'ribi so'zdin' basi'nda ha'm wortasi'nda jumsaladi'. Mi'sali': *wo'mir, wo'tmish, a'tsho'k, sho'lkem* ha'm t.b. Wol so'zdin' aqi'ri'nda ha'm qosi'mtalarda jumsalmaydi'. **O'** ha'ribi **o** ha'ribi si'yaqli' wo'zgeshelikke iye: so'zdin' basi'nda *wo'* qosarli' sesin an'latadi': *wo'giz* (wo'giz), *wo'mir* (wo'mir), *wo'shir* (wo'shir) ha'm t.b. So'zdin' wortasi'nda monoftong (bir sesti) bildiredi: *ko'mir, ko'l, ko'ger* ha'm t.b.

**O'** ha'ribinin' jazba tu'rinin' kishi ha'ribi u'stin'gi bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *wo'pepek, wo'lpen', to'gin, to'be* ha'm t.b. Al woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi qosi'msha, ja'rdemshi belgi arqali' keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Wo'mirbek, Wo'temis, Wo'lmesek* ha'm t.b.

**U** ha'ribi a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha jigirma besinshi wori'nda turadi'. Woni'n' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **U**, kishi ha'ribi **u**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **U**, kishi ha'ribi **u**.

**U** ha’ribi juwan, yerinlik, qi’si’q dawi’sli’ sesti bildiredi. Woni’ aytqanda til artqa tarti’ladi’, til ushi’ ko’terin’ki boladi’, yerinler alg’a u’yiriledi. Bul ha’rip so’zdin’ basi’nda ha’m wortasi’nda jumsaladi’, al so’zdin’ aqi’rg’i’ buwi’nlarda jumsali’wi’ siyrek ushi’rasadi’.

So’zdin’ basi’nda jumsali’wi’: *uri’, ura, urt, ushi’w* ha’m t.b.; so’zdin’ wortasi’nda jumsali’wi’: *tur, muri’n, qural* ha’m t.b.; so’zdin’ aqi’ri’nda ayi’ri’m tan’laqlarda ushi’rasadi’: *tfu, tu* ha’m t.b. Rus tilinen kirgen so’zlerde **u** ha’ribi sozi’li’n’qi’ ayti’ladi’: *ura, tur* ha’m t.b.

**U** ha’ribinin’ jazba tu’rinin’ kishi ha’ribi to’mengi bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *urpaq, uri’s, ulli’, uqi’p* ha’m t.b. Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi de to’mengi bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *Ulbosi’n, Ubaydulla, Ulda’wlet, Ulmeken* ha’m t.b.

**U’** ha’ribi a’lipbede ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha jigirma alti’nshi’ wori’nda turadi’. Woni’n’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **U’**, kishi ha’ribi **u’**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **U’**, kishi ha’ribi **u’**.

**U’** ha’ribi jin’ishke, yerinlik, qi’si’q dawi’sli’ sesti bildiredi. Sebebi **u’** ha’ribin aytqanda til aldi’da turadi’, bul woni’n’ jin’ishke ayti’li’wi’n ta’miyinleydi. **U’** sesin aytqanda yerinler alg’a u’yiriledi ha’m bul woni’n’ yerinlik dawi’sli’ yekenin bildiredi. **U’** sesin aytqanda tildin’ ushi’ ko’terin’ki boladi’, yag’ni’y bul woni’n’ qi’si’q dawi’sli’ yekenin ko’rsetedi.

**U’** ha’ribi **u** ha’ribinen diakritikali’q belgige iye boli’wi’ menen aji’raladi’. Wol da so’zdin’ basi’nda, wortasi’nda jumsaladi’, al so’zdin’ aqi’ri’nda jumsali’wi’ sheklengen.

**U’** ha’ribinin’ so’zdin’ basi’nda jumsali’wi’: *u’lken, u’rkek, u’z, u’pelek* ha’m t.b. so’zdin’ wortasi’nda jumsali’wi’: *tu’lki, ku’shli, ku’lki, tu’s* ha’m t.b.

**U’** ha’ribinin’ jazba tu’rinin’ kishi ha’ribi asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *u’ki, u’lken, u’les, u’git* ha’m t.b. Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi de asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *U’sen,U’mit, U’lpet* ha’m t.b.

Solay yetip qaraqalpaq tilinde yerinlik dawi’sli’ seslerdi bildiretug’i’n ha’riplerdin’ so’zlerdin’ basi’nda, wortasi’nda ha’m aqi’ri’nda jumsali’wi’ni’n’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri bar. Wolardi’n’ so’zdin’ aqi’ri’nda jumsali’wi’ sheklengen.

Ha’r bir tildin’ imla qag’i’ydalari’n islegende belgili bir tiykarlarg’a su’yeniledi. Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’n islegende tiykarg’i’ u’sh princip yesapqa ali’ng’an: fonetikali’q, morfologiyali’q ha’m tariyxi’y.

Qaraqalpaq tilinde ko’plegen so’zler qalay ayti’lsa, qalay yesitilse solay jazi’ladi’: *terek, bala, qa’lem, ana, ata, sana, kel, ket, jol* ha’m t.b. So’zler qalay ayti’lsa, qalay yesitilse solay jazi’w fonetikali’q tiykarda iske asadi’. Biraq barli’q so’zler qalay ayti’lsa solay jazi’la bermeydi: *basshi’* so’zi bashshi’, *sanli’q* so’zi salli’q, *sezse* so’zi sesse ha’m t.b. boli’p ayti’li’p, wolardi’n’ jazi’li’wi’ menen ayti’li’wi’ bir-birine sa’ykes kelmeydi. Jazi’wda wolardi’n’ tu’birlerdin’ pu’tinligin saqlap jazi’w yesapqa ali’ng’an. Bul morfologiyali’q tiykarda so’zlerdin’ jazi’li’wi’ boli’p yesaplanadi’.

Qaraqalpaq tilindegi ko’pshilik so’zler usi’ yeki tiykarg’a su’yenip jazi’ladi’. Soni’n’ menen birge ayi’ri’m so’zlerdin’ jazi’li’wi’nda tariyxi’y tiykar yesapqa ali’ng’an. Wonda tilde ayi’ri’m so’zler yeki ha’m wonnan da ko’p fonetikali’q variantlarda qollani’li’p, imlada wolardi’n’ tek birewin jazi’w yesapqa ali’ng’an. Ma’selen, *samal* so’zi shamal, *sag’al* so’zi shag’al, *gelle* so’zi kelle, *ji’ynali’s* so’zi ji’ylani’s, aynalayi’n so’zi aynanayi’n ha’m aylanayi’n ha’m t.b. Wolardi’n’ da’slepkilerin jazi’w ha’zirgi imla qag’i’ydalari’ boyi’nsha duri’s dep yesaplanadi’. Qaraqalpaq tilindegi *ta’g’dir* so’zi ta’g’diyir, *qa’nige* so’zi qa’niyge, da’lil so’zi da’liyl tu’rinde de yeki tu’rli ayti’li’p ha’m jazi’li’p ta kiyati’r. Wolardi’n’ da da’slepkilerin jazi’w imla qag’i’ydalari’ boyi’nsha duri’s boli’p yesaplanadi’.

## Shi’ni’g’i’wlar

***5-shi’ni’g’i’w.*** To’mendegi berilgen tekstti ko’shirip jazi’n’. Wondag’i’ o, o’, u, u’ ha’riplerinin’ imlasi’na di’qqat awdari’n’.

Nawri’z xalqi’mi’zdi’n’ tariyxi’nda a’zelden miynet ha’m do’retiwshilik bayrami’ boli’p tabi’ladi’. Bul ku’ndi adamlar bayram si’pati’nda toylaydi’. Nawri’z bayrami’ turmi’si’mi’zg’a qaytadan yengizildi. Woni’ xalqi’mi’z ha’r ji’li’ 21-martta bayramlaydi’. Bayram ku’ni barli’q jerlerde milliy tag’amlar pisiriledi. Qi’z-jigitler a’tko’nshekte ushadi’. Adamlar ko’she boylap seyil yetedi. Palwanlar gilem u’stinde ku’sh si’nasadi’. Qoraz uri’sti’ri’w boladi’. Xosh hawaz sazendeler qulaqti’n’ quri’shi’n qandi’ratug’i’n qosi’qlar aytadi’. Jaslar ayaq woyi’nlar woynaydi’.

***6-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen so’zlerden *o, o’, u, u’* ha’ripleri bar so’zlerdi terip jazi’n’.

Adam, wo’mir, ha’reket, da’pter, kitap, qag’az, sabaq, u’lken, kishi, su’wret, woqi’wshi’, qol, ayaq, uya, dushpan, ko’ylek, temir, No’kis, Tashkent, A’miwda’rya, mug’allim, konstituciya, bayram, gerb, gimn, so’z, gu’l, shen’ber, sho’rek, tu’sinik, shi’nli’q, toy, waqi’t, ulli’, quwani’sh, wori’n, tu’lki.

## Sorawlar ha’m tapsi’rmalar

1. O ha’ribinin’ so’zdin’ basi’nda keliwine 10 atli’q, 5 feyil so’z keltirin’.
2. O’ ha’ribinin’ so’zdin’ basi’nda keliwine 10 feyil, 5 atli’q so’z keltirin’.
3. U ha’ribinin’ so’zdin’ wortasi’nda keliwine 10 kelbetlik, 10 feyil so’z keltirin’.
4. U’ ha’ribinin’ so’zdin’ basi’nda keliwine 10 atli’q, so’zdin’ wortasi’nda keliwine 10 feyil so’z keltirin’.
5. Qaraqalpaq tilinin’ imla qag’i’ydalari’ni’n’ su’yenetug’i’n tiykarlari’n di’qqat penen u’yrenin’ ha’m mi’sallar keltirin’.
6. Tariyxi’y tiykarg’a su’yenip jazi’lg’an so’zlerge 10 mi’sal keltirin’.
7. Basqa tillerden wo’zlestirilgen so’zlerde **o** ha’m **u** ha’riplerinin’ ayti’li’wi’na ha’m qollani’li’wi’na di’qqat awdari’n’, mi’sallar keltirin’.

## B, D, G, G’, J, Z, V ha’riplerinin’ imlasi’. Qi’sqarg’an qospa so’zlerdin’ jazi’li’wi’

Qaraqalpaq tilinde *b, d, g, g’, j, z, v, p, t, k, q, sh, s, f, x, h, m, n, n’, r, y, w, l, c, ch* ha’ripleri dawi’ssi’z seslerdi an’latadi’. Wolardi’ aytqanda wokpeden shi’qqan hawa ag’i’mi’ so’ylew ag’zalari’ni’n’ qanday da bir jerinde tosqi’nli’qqa ushi’raydi’. Wolar buwi’n quray almaydi’. Dawi’ssi’z seslerdi bildiriwishi ha’riplerdin’ ishinde yekewi ha’ripler birikpesinen turi’p, wol **(sh, ch)** dawi’ssi’z sesti an’latadi’: 1) **sh**; 2) **ch**. Dawi’ssi’z **ц** sesin bildiriw ushi’n **c** ha’ribi jumsaladi’. Solay yetip qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’z seslerdi an’lati’w ushi’n 25 ha’rip boli’p, wolardi’n’ yekewi ha’ripler birikpesinen ibarat.

Qaraqalpaq tilinde dawi’ssi’z sesler dawi’s ha’m shawqi’mni’n’ qatnasi’wi’na qaray, jasali’w worni’na qaray ha’m jasali’w usi’li’na qaray toparlarg’a bo’linedi.

I. Qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’zlardi’n’ dawi’s ha’m shawqi’mni’n’ qatnasi’na qaray bo’liniwi:

1. Shawqi’mli’ dawi’ssi’zlar:

a) u’nli dawi’ssi’zlar - b, d, g, g’, j, z, v

b) u’nsiz dawi’ssi’zlar - p, t, k, q, sh, s, f, x, h, c, ch

2. Sonor dawi’ssi’zlar:

a) awi’zli’q sonorlar - r, y, w, l

b) muri’nli’q sonorlar - m, n, n’

II. Qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’zlardi’n’ jasali’w worni’ boyi’nsha bo’liniwi.

1. Yerinlik dawi’ssi’zlar:

a) qos yerinlik dawi’ssi’zlar - b, p, m, w

b) yerinlik-tislik dawi’ssi’zlar - v, f

2. Til aldi’ dawi’ssi’zlari’:

a) til ushi’ dawi’ssi’zlari’ - s, z

a’) til arqasi’ dawi’ssi’zlari’ - t, d, n, l

b) til tu’bi dawi’ssi’zlari’ - sh, j, r

3. Til wortasi’ dawi’ssi’zi’ - y

4. Til arti’ dawi’ssi’zlari’ - k, g

5. Kishkene tillik dawi’ssi’zlari’ - q, x, n’, g’

6. Ko’mekey dawi’ssi’z - h

III. Qaraqalpaq tilindegi dawi’ssi’zlardi’n’ jasali’w usi’li’ boyi’nsha bo’liniwi:

a) jabi’si’n’qi’ dawi’ssi’zlar - p, b, m, t, d, n, k, g, q, n’

1) juwi’si’n’qi’ dawi’ssi’zlar - w, f, v, s, z, l, sh, j, y, x, g’, h

b) dirildewik dawi’ssi’z - r

Basqa tillerden kirgen so’zlerde jumsalatug’i’n **c** ha’m **ch** sesleri jabi’si’n’qi’ dawi’ssi’zlar qatari’na kiredi. Wolar til biliminde affrikat (lati’nsha *affrikate,* bizin’she **«qi’ri’p wo’tiw»** degendi an’latadi’) dawi’ssi’zlar dep ataydi’.

Biz jan’a a’lipbedegi dawi’ssi’z seslerdi bildiriwshi ha’riplerdin’ imlasi’n u’nli, u’nsiz ha’m sonor dawi’ssi’zlarg’a bo’lip u’yrenemiz.

*B, d, g, g’, d, j, z, v* ha’riplerinin’ ha’mmesi ushi’n wortaq belgi wolardi’n’ u’nli dawi’ssi’zlardi’ an’lati’wi’ boli’p tabi’ladi’. U’nli dawi’ssi’zlardi’ aytqanda wo’kpeden shi’qqan hawa so’ylew ag’zalari’ ta’repinen tosqi’nli’qqa ushi’rag’ani’ menen birden irkilip qalmaydi’. Sonli’qtan wolardi’ aytqanda dawi’s ta qatnasi’p, sozi’p ayti’w mu’mkinshiligi boladi’.

**B** ha’ribi a’lipbede ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha u’shinshi wori’nda turi’p, u’nli, qos yerinlik, jabi’si’n’qi’ dawi’ssi’zdi’ tan’balaydi’. Woni’ aytqanda tosqi’nli’q yerinlerde payda boladi’, yeki yerin bir-birine jabi’si’p, wolardi’n’ jari’li’wi’ na’tiyjesinde bul ha’rip bildiretug’i’n ses jasaladi’.

**B** ha’ribi so’zdin’ basi’nda ha’m wortasi’nda jumsaladi’. So’zdin’ basi’nda: *bas, bala, bar, ber, bes, barmaq, bu’gin, bekkem, besik, bag’* ha’m t.b.; so’zdin’ wortasi’nda*: tabaq, qabaq, sabaq, shabaq, jaba, joba, baba* ha’m t.b.

**B** ha’ribi so’zdin’ aqi’ri’nda jumsalmaydi’. Biraq aqi’ri’ **p** u’nsiz dawi’ssi’zg’a pitken so’zlerge dawi’sli’dan baslanatug’i’n qosi’mta qosi’lg’anda **p** dawi’ssi’zi’ **b** dawi’ssi’zi’na aylanadi’: *tap+adi’*=tabadi’, *jap+adi’*=jabadi’ ha’m t.b.

**B** ha’ribi qosi’mtalardi’n’ basi’nda jumsaladi’. Mi’sali’: *-ba//-be* (atli’q jasawshi’ qosi’mta), *-baq//-bek* (atawi’sh feyil jasawshi’ qosi’mta), *-bas//-bes* (kelbetlik feyildin’ boli’msi’z qosi’mtasi’) ha’m t.b.

Rus tili ha’m wol arqali’ basqa tillerden wo’tken ayi’ri’m so’zlerdin’ aqi’ri’nda **b** ha’ribi jazi’ladi’, biraq wol **p** sesine aylani’p ayti’ladi’: *shtab* (jazi’li’wi’) -shtap (ayti’li’wi’), *klub* (jazi’li’wi’) -klup (ayti’li’wi’) ha’m t.b.

Solay yetip **b** ha’ribi qaraqalpaq tilinde so’zdin’ basi’nda ha’m wortasi’nda, qosi’mtalardi’n’ basi’nda jumsaladi’.

**B** ha’ribinin’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **B**, kishi tu’ri **b**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **B**, kishi tu’ri **b**. Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi qosi’msha belgiler arqali’ so’zdegi keyingi ha’rip penen tutasti’ri’ladi’: *Balalar, Bayraq, Bayram* ha’m t.b. Woni’n’ jazba tu’rinin’ kishi ha’ribi worta bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *bag’man, bali’q, tabaq, shabaq* ha’m t.b.

**D** ha’ribi a’lipbede ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha to’rtinshi wori’nda turadi’. Wol u’nli, til aldi’, jabi’si’n’qi’ dawi’ssi’z sesti tan’balaydi’. Woni’ aytqanda tosqi’nli’q til ushi’ joqari’ tislerdin’ tu’bine tiyedi, wolar jabi’si’p, son’ jazdi’ri’li’wi’ menen **d** sesi payda boladi’. Bul woni’n’ jabi’si’n’qi’ yekenligin ko’rsetedi.

**D** ha’ribi so’zdin’ basi’nda ha’m wortasi’nda, qosi’mtalardi’n’ basi’nda jumsaladi’. So’zdin’ basi’nda: *da’rya, da’l, da’rt, do’n’, duri’s* ha’m t.b.; so’zdin’ wortasi’nda: *worda, adam, adi’raq, gu’di, qada* ha’m t.b.

Qosi’mtalardi’n’ basi’nda: *-da//-de* (ori’n sepligi), *-daq//-dek* (so’z jasawshi’ qosi’mta) ha’m t.b.

Qaraqalpaq tilinde *abad, shad* ha’m t.b. so’zlerdin’ aqi’ri’nda **d** ha’ribi jazi’ladi’, biraq bul so’zler *abat, shat* boli’p ayti’ladi’, yag’ni’y **d** sesi menen **t** sesi almasadi’. Bul **d** ha’ribinin’ qaraqalpaq tilinde so’zdin’ aqi’ri’nda jumsalmawi’na baylani’sli’.

**D** ha’ribinin’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **D**, kishi tu’ri **d**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **D**, kishi tu’ri **d**. Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi qosi’msha belgi arqali’ keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *Da’ryabay, Dnepr, Don* ha’m t.b. Woni’n’ jazba tu’rinin’ kishi ha’ribi asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *dosli’q, joldas, adam* ha’m t.b.

**G** ha’ribi a’lipbede ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha besinshi wori’nda turadi’. Wol til arti’, jabi’si’n’qi’ dawi’ssi’zdi’ tan’balaydi’. Woni’ aytqanda tosqi’nli’q tildin’ arti’nda payda yetiledi. **G** ha’ribi de so’zdin’ basi’nda ha’m wortasi’nda, qosi’mtalardi’n’ basi’nda jumsaladi’. So’zdin’ basi’nda: *geyde, ga’hi,*

*gu'l, gu'belek, gilem* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: *shege, segiz, yegiz, shegejin, megze, yeger* ha'm t.b.

Qosi'mtalardi'n' basi'nda: *-ge* (bari's sepligi), *-gen* (kelbetlik feyil qosi'mtasi') ha'm t.b. Qaraqalpaq tilinde **k** u'nsiz dawi'ssi'zi'na tamamlang'an so'zlerge dawi'sli'dan baslang'an qosi'mta qosi'lg'anda **k** dawi'ssi'zi' **g** dawi'ssi'zi' menen almasadi': *to'k+in*=to'gin, *yek+in*=egin, *ju'k+in*=ju'gin.

Ayi'ri'm biren'-saran' so'zlerde **g** ha'ribi so'zdin' aqi'ri'nda jumsaladi': *beg, teg* ha'm t.b. Wolardi' aytqanda **g** sesi **k** sesine aylani'p ayti'ladi': *beg* - bek, *teg* - tek. Woni'n' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **G**, kishi tu'ri **g**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **G**, kishi tu'ri **g**. Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi worta bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Gu'lparshi'n, Gu'lnara, Gu'lmi'rza* ha'm t.b. Woni'n' jazba tu'rinin' kishi ha'ribi de wortan'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *to'gin, yegin, segiz* ha'm t.b.

**G'** ha'ribi a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha altinshi wori'nda turadi'. Wol kishkene tillik, juwi'si'n'qi' dawi'ssi'zlardi' tan'balaydi'. Woni' aytqanda tosqi'nli'qti' kishkene til payda yetedi. **G'** ha'ribi so'zdin' basi'nda, wortasi'nda, qosi'mtalardi'n' basi'nda ha'm wortasi'nda jumsaladi'. So'zdin' basi'nda: *g'arbi'z, g'az, g'arg'a, g'ana* ha'm t.b. So'zdin' wortasi'nda: *tag'a, ti'g'i'n, tog'i'z, ti'g'i'z, jag'i's* ha'm t.b. Qosi'mta basi'nda: *g'an* (kelbetlik feyil qosi'mtasi'), *g'a* (bari's sepligi qosi'mtasi'), *g'i'sh* (kelbetliktin' da'reje qosi'mtasi') ha'm t.b. Qosi'mta wortasi'nda: *tug'i'n* (kelbetlik feyil qosi'mtasi'), *ag'an* (kelbetlik jasawshi' qosi'mta) ha'm t.b.

Woni'n' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **G'**, kishi tu'ri **g'**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **G'**, kishi tu'ri **g'**. Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi worta bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *G'apbar, G'arg'abay, G'ali'm, G'abidin* ha'm t.b. Woni'n' jazba tu'rinin' kishi ha'ribi de wortan'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *g'arbi'z, g'az, g'arg'a* ha'm t.b.

**J** ha'ribi a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha tog'i'zi'nshi' wori'nda turadi'. Wol u'nli, til aldi', juwi'si'n'qi' dawi'ssi'zdi' tan'balaydi'. **J** sesin aytqanda tildin' ushi' to'mengi tistin' tu'bine juwi'si'p, tosqi'nli'qti' payda yetedi. Jabi'si'w payda bolmaydi'.

**J** ha'ribi so'zdin' basi'nda, wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda da jumsaladi'. So'zdin' basi'nda: *jaqsi', jarti', joba, jew, jer, jesir* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: *tejew, hu'jjet, g'ajaw* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda *taj, wa'j, ilaj, Mina'j* ha'm t.b.

Soni'n' menen j ha'ribinen baslanatug'i'n ayi'ri'm qosi'mtalar da bar: *jaq* (barajaq), *jan* (Bati'rjan) ha'm t.b. **J** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **J**, kishi ha'ribi **j**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **J**, kishi tu'ri **j**. Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi worta bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Jambi'l, Janar* ha'm t.b. Woni'n' jazba tu'rinin' kishi ha'ribi de worta bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'ladi': *anajan, jigirma, taj* ha'm t.b.

**Z** ha'ribi a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha woni'nshi' wori'nda turadi'. Wol u'nli, til aldi', jabi'si'n'qi' dawi'ssi'zdi' tan'balaydi'. Wol til ushi'ni'n' to'mengi tiske jabi'si'wi' arqali' jasaladi'. Wol so'zdin' u'sh poziciyasi'nda da jumsaladi'.

So'zdin' basi'nda: *zag'ara, za'rre, zali'm, zu'ra'a't, zuli'm* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: *azi'q, yeziw, ju'zim, sazan* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *tez, si'z, gu'z, lapi'z, du'z* ha'm t.b.

Bul ha'rip qosi'mtalardi'n' aqi'ri'nda jumsaladi': *-mi'z//-miz* (betlik jalg'awi'), *-paz* (so'z jasawshi' qosi'mta) ha'm t.b.

**Z** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **Z**, kishi ha'ribi **z**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **Z**, kishi tu'ri **z**. Jazba tu'rinin' bas ha'ribi worta bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'ladi': *Zamira, Zarli'q, Zari'mbet* ha'm t.b. Woni'n' kishi ha'ribi asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'ladi': *azan, tezlik, gu'zlik* ha'm t.b.

**V** ha'ribi yerinlik-tislik, juwi'si'n'qi' dawi'ssi'zdi' bildiredi. Woni' aytqanda tosqi'nli'qti' yerinler ha'm tisler atqaradi'. Wol qaraqalpaq tilinde rus tili ha'm wol arqali' basqa tillerden kirgen so'zlerdin' basi'nda, wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda jumsaladi': *vagon, vazelin, avtobus, voleybol, avtomat, ustav* ha'm t.b. Wol familiya jasawshi' qosi'mtalarda jumsaladi': *Qudaybergenov, Sadi'kova, Yangibaeva, Qabulova* ha'm t.b.

**V** ha'ribi a'lipbedegi ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha to'rtinshi wori'nda turadi'. **V** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **V**, kishi tu'ri **v**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **V**, kishi tu'ri **v**. Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi qosi'msha belgi arqali' keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Volga, Volgagrad, Velosiped*. Woni'n' kishi ha'ribi u'stin'gi bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *vagon, tovar, avtomobil* ha'm t.b.

Solay yetip, qaraqalpaq tilinde u'nli dawi'ssi'zlardi' bildiretug'i'n ha'riplerdin' so'zlerdin' poziciyalari'nda jumsali'wi' bir-birine jaqi'n. Wolar tiykari'nan so'zdin' basi'nda ha'm wortasi'nda jumsaladi'.

## Qi'sqarg'an qospa so'zlerdin' jazi'li'wi'

Qi'sqarg'an qospa so'zler qospa so'zlerdin' bir tu'ri boli'p, wolar so'z dizbekleri menen qurama so'zlerdin' ha'r qi'yli' tu'rlerde qi'sqari'wi'nan jasaladi'. Bunday qi'sqarg'an qospa so'zlerdin' jazi'li'wi' da tu'rlishe. Ko'p so'zden quralg'an qospa atli'qlardi'n' ha'rbir so'zinin' birinshi ha'ribin ali'w joli' menen qi'sqarg'an qospa so'zler bas ha'rip penen jazi'ladi': *AQSh* (Amerika Qurama Shtatlari'), *NMPI* (No'kis ma'mleketlik pedagogikali'q instituti'), *QMU* (Qaraqalapaq ma'mleketlik universiteti) ha'm t.b. Bir neshe so'zden quri'lg'an qospa atli'qlardi'n' da'slepki so'zinin' birinshi buwi'ni'n, qalg'an so'zlerdin' da'slepki ha'riplerin ali'w joli' menen qi'sqarg'an qospa so'zlerdin' jazi'li'wi' to'mendegishe: *KamAZ* (Kama avtomobil zavodi'), *QarMU* (Qarshi' ma'mleketlik universiteti), *Wo'zIA* (Wo'zbekstan Ilimler Akademiyasi') ha'm t.b.

Da'slepki so'zdin' birinshi buwi'ni'n, keyingi so'zdi toli'q ali'w joli' arqali' qi'sqarg'an so'zler kishi ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *pedinstitut, medkolledj* ha'm t.b.

Ha'rbir so'zdin' tek da'slepki buwi'nlari'n ali'w arqali' jasalg'an qi'sqarg'an so'zler de kishi ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *kolxoz* (kollektivlik xojali'q), *filfak* (filologiya fakulteti) ha'm t.b.

Qi’sqarg’an qospa so’zlerde qi’sqarti’lg’an bo’lekler qosi’li’p jazi’ladi’ ha’m wolarg’a qosi’latug’i’n qosi’mtalar da qosi’li’p jazi’ladi’: *QMUdi’n’, BMShqa, SPIDke* ha’m t.b. Biraq qatar kelgen bir neshe so’zlerden qi’sqarg’an so’zler bo’lek jazi’ladi’: *Wo’zR IA QB* (Wo’zbekstan Respublikasi’ Ilimler Akademiyasi’ Qaraqalpaqstan bo’limi), *QR XBM* (Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi) ha’m t.b.

## Shi’ni’g’i’wlar

***7-shi’ni’g’i’w.*** To’mendegi berilgen ga’plerdin’ ishinen u’nli dawi’ssi’zi’ bar so’zlerdi bo’lip ali’p jazi’n’, u’nli dawi’ssi’zlardi’n’ ayti’li’wi’n ha’m wolardi’ bildiriwshi ha’riplerdin’ imlasi’n di’qqat penen u’yrenin’.

Kimnin’ isi bolsa aqi’lg’a derek,
Ta’g’dir juldi’zi’nan nali’mas demek (A.Ferdawsiy).
Aqi’lg’a ilim menen bergil ko’mek,
Aqi’l – bul ilimge qari’ydar demek (N.Xi’sraw).
Kimler g’a’niymet dep watannan ko’sher,
Basqag’a da kewil qoyalmay wo’ter,
Ushqi’n tastan aji’rap shi’qqan son’,
Qansha ardaqlama ba’ribir wo’sher (Bedil).

Atasi’nan qalg’an arba, qos wo’giz, jeti tanap jer-qoldag’i’ bar mu’lki – usi’ (I.Yusupov). Quwani’shli’ jeri sonda – mi’na qara ko’zlerdin’ ba’ri de bul jolda wo’z yerki, aqi’l-huwi’shlari’ menen sanali’ tu’rde ti’n’lap kelip woti’r! Bul bizin’ u’lken jen’is, u’lken bayram! Bayrami’n’i’z benen, jan’a ji’li’n’i’z benen, qa’dirli ul-qi’zlari’m (K.Allambergenov). Sa’rdari’ biyjag’day qi’lg’anda usi’ hawalani’wlar yedi, bolmasa ketkenlerdin’ worni’n jan’adan sadalar kelip toli’qti’ri’p ati’r g’oy (Sh.Seytov). Biz tariyxtan bilemiz, ko’p g’ana ma’mleketlerdin’ artta qalg’an yellerge qi’zi’g’i’wshi’li’q bolg’an (K.Ma’mbetov). Yeger de direktor boli’p worni’n’i’zda qalg’i’n’i’z kelse usi’lardi’n’ ha’mmesin duri’s ug’i’wi’n’i’z da’rkar (T.Qayi’pbergenov). Keldi sa’rdardi’n’ no’kerleri Bozataw qorg’ani’nan jetip kelgende, pu’tkil yel ses-semirsiz uyqi’g’a berilgen yedi (K.Ma’mbetov). Xudaybergen adamlardi’n’ g’awi’rli’si’ basi’lg’annan keyin, tag’i’ so’zin dawam yetti (M.Qayi’pov).

***8-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen so’zlerden qi’sqarg’an qospa so’z jasan’.

Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti, Birlesken Milletler sho’lkemi, Amerika Qurama Shtatlari’, Medicinali’q uchilishe, pedagogikali’q institut, Kama avtomovil zavodi’, Wo’zbekstan Xali’q demokratiyali’q partiyasi’, Wo’zbekstan Ilimler Akademiyasi’ni’n’ Qaraqalpaqstan bo’limi, rayonli’q xali’q bilimlendiriw bo’limi, Koreya xali’q demokratiyali’q respublikasi’.

***9-shi’ni’g’i’w.*** To’mende berilgen qi’sqarg’an qospa so’zlerdi tarqati’p jazi’n’.

U’lgi: NMPI – No’kis ma’mleketlik pedagogikali’q instituti’.

PXAJ, GES, QXP, BelAZ, XBB, IIB, KamAZ, ATZ, Wo’zIA QB, pedkolledj, basbux, DFX, medinstitut, Wo’zA.

**Sorawlar ha'm tapsi'rmalar**

1. U'nli dawi'ssi'zlardi'n' jasali'w wo'zgesheliklerin u'yrenin'.

2. B, g, g' dawi'ssi'z ha'riplerine tamamlang'an so'zlerge to'rt mi'saldan tabi'n'.

3. U'nli dawi'ssi'zlardi' bildiretug'i'n ha'riplerdin' jazba tu'rinin' bas ha'm kishi ha'ripleri so'z ishinde basqa ha'ripke qalay tutasti'ri'li'p jazi'w wolardi'n' jazi'li'wi'na itibar berin'. Qabatlasi'p keletug'i'n (muhabbat) 10-15 so'z tabi'n'.

## F, K, Q, T, Sh, S, X, H, P ha'riplerinin' imlasi'. Ko'mekshi so'zlerdin' jazi'li'wi'

Bul ha'riplerdin' barli'g'i' da u'nsiz dawi'ssi'zlardi' bildiredi. Wolardi' aytqanda dawi'sqa qarag'anda shawqi'm basi'm boladi'.

**F** ha'ribi yerinlik-tislik, juwi'si'n'qi' dawi'ssi'z sesti tan'balaydi'. Wol a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha jigirma segizinshi wori'nda turadi'. Bul ha'rip feyil, fabrika, futbol, firma, asfalt, shkaf ha'm t.b. wo'zlestirilgen so'zlerdin' basi'nda, wortasi'nda, aqi'ri'nda jumsaladi'. Qosi'mtalarda jumsalmaydi'. **F** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **F**, kishi tu'ri **f**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **F**, kishi tu'ri **f.**

**F** ha'ribinin' jazba tu'rinin' bas ha'ribi qosi'msha belgi arqali' basqa ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Fatima, Finlyandiya, Filippin* ha'm t.b. Woni'n' kishi ha'ribi worta bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *shifr, sharf, graf* ha'm t.b.

**K** ha'ribi u'nsiz, til arti', jabi'si'n'qi' dawi'ssi'z sesti tan'balaydi'. Wol a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha won u'shinshi wori'nda turadi'. K ha'ribinin' so'zlerdin' poziciyalari'nda keliwi sheklenbegen. So'zdin' basi'nda: *ku'l, kel, ket, ko'l, ken'* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: *yerke, keklik, seksen* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *kerek, ko'rik, biyik, terek* ha'm t.b. Wol qosi'mtalardi'n' basi'nda *-ke* (bari's sepligi), *-kesh* (atli'q jasawshi' qosi'mta), qosi'mta aqi'ri'nda: *-ek* (atli'q jasawshi' qosi'mta), *-dek* (kelbetlik jasawshi' qosi'mta) jumsaladi'. So'zdin' aqi'ri' k dawi'ssi'zi'na tamamlani'p, wog'an dawi'sli'dan baslang'an qosi'mta qosi'lsa, wonda **k** dawi'ssi'zi' u'nli **g** dawi'ssi'zi'na aylanadi': *kerek+i*=keregi, *terek+i*=teregi, *ju'rek+i*=ju'regi ha'm t.b.

**K** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **K**, kishi tu'ri **k**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **K**, kishi tu'ri **k.** Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi ha'm kishi ha'ribi asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'riplerge tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *KamAZ, Kamal, Kegeyli, kerek, terek, ko'z* ha'm t.b.

**Q** ha'ribi u'nsiz, kishkene tillik, jabi'si'n'qi' dawi'ssi'zdi' tan'balaydi'. Wol a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha won to'rtinshi wori'nda turadi'. **Q** ha'ribi so'zdin' barli'q wori'nlari'nda, qosi'mtalardi'n' basi'nda ha'm aqi'ri'nda jumsaladi'. So'zdin' basi'nda: *qorqaq, qara, qal, qar* ha'm t.b. So'zdin' wortasi'nda: *taqi'r, toqal, joqari'* ha'm t.b. So'zdin' aqi'ri'nda: i'laq, *qulaq, urshi'q, tumsi'q* ha'm t.b. Qosi'mtalardi'n' basi'nda: *-qaq* (kelbetlik jasawshi' qosi'mta), *-qa* (bari's sepligi qosi'mtasi'), qosi'mta aqi'ri'nda: *-i'q* (kelbetlik jasawshi' qosi'mta), *-naq* (atli'q jasawshi' qosi'mta). Aqi'ri' **q** dawi'ssi'zi'na pitken so'zlerge dawi'sli'dan baslang'an

qosi'mta qosi'lsa, wonda **q** dawi'ssi'zi' u'nli **g'** dawi'ssi'zi'na aylanadi': *taraq+i'*=tarag'i', *woraq+i'*=worag'i', *jaraq+i'*=jarag'i' ha'm t.b.

**Q** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **Q**, kishi tu'ri **q**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **Q**, kishi tu'ri **q.** Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi ha'm kishi ha'ribi asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Qon'i'rat, Qanli'ko'l, Qarao'zek, qaraqalpaq, qazaq, taraq* ha'm t.b.

**T** ha'ribi u'nsiz, jabi'si'n'qi', til aldi' dawi'ssi'zdi' tan'balaydi'. Wol a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha jigirma to'rtinshi wori'nda turadi'. **T** ha'ribi so'zdin' barli'q wori'nlari'nda, qosi'mtalardi'n' basi'nda ha'm aqi'ri'nda jumsaladi'. So'zdin' basi'nda: *taza, topi'raq, To'rtku'l, Toli'bay* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: *yertek, ketpen, gu'rtik, kitap* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *tart, to'rt, tat, jat, jet, ket* ha'm t.b.; qosi'mta basi'nda: *-ta//-te* (wori'n sepligi qosi'mtasi'), qosi'mta aqi'ri'nda *-lat//-let* (feyil jasawshi' qosi'mta).

**T** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **T**, kishi tu'ri **t**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **T**, kishi tu'ri **t.** Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi qosi'msha belgi arqali' keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Tashkent, Tu'rkmenstan, Tu'rkstan* ha'm t.b. Woni'n' jazba tu'rinin' kishi ha'ribi asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *taraw, to'rt, universitet* ha'm t.b.

**Sh** ha'ribi kirill a'lipbesindegi yeki sesti bildiriw ushi'n qabi'l yetilgen ha'ripler birikpesi. A'lipbedegi ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha woti'z to'rtinshi wori'nda turadi'. Wol birinshiden, u'nsiz, til aldi', juwi'si'n'qi' sesti tan'balaydi'. Bul jag'dayda so'zdin' barli'q wori'nlari'nda, qosi'mtalardi'n' basi'nda ha'm aqi'ri'nda jumsaladi'. So'zdin' basi'nda: *shaqa, shat, shamasi', sherek, sho'rek* ha'm t.b.; *so'zdin' wortasi'nda: ti'shqan, shoshqa, pi'shaq, shashaw, tekshe* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *shash, ku'sh, beyish* ha'm t.b. Qosi'mta basi'nda: *-sha//-she* (ra'wish jasawshi' qosi'mta), *-i'sh//-ish* (atli'q jasawshi' qosi'mta). **Sh** ha'ribi **(ш)** seslerin bildirgende, wol tek wo'zlestirilgen so'zlerde jumsaladi': *shyotka, shors* ha'm t.b.

**Sh** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **Sh**, kishi ha'ribi **sh**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **Sh**, kishi ha'ribi **sh.** Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi ha'm kishi ha'ribi to'mengi bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'ladi': *Sharap, Sha'mshet, Shayda, sha'rtnama, sho'lkem, sheshim* ha'm t.b.

**S** ha'ribi u'nsiz, til aldi', juwi'si'n'qi' sesti tan'balaydi'. A'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha jigirma u'shinshi wori'nda turadi'. So'zdin' basi'nda, wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda, qosi'mtalardi'n' basi'nda ha'm aqi'ri'nda jumsaladi'. So'zdin' basi'nda: *sen, samal, sol, sel, saat, son', sol* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: *yesik, besik, jesir, tasa* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *tas, jas, bas, qas, dos* ha'm t.b. Qosi'mta basi'nda: *-sa//-se* (sha'rt meyil qosi'mtasi'), *-i's//-is* (atli'q jasawshi' qosi'mta) ha'm t.b.

Aqi'ri' **s** dawi'ssi'zi'na tamamlang'an so'zge **sh** sesinen baslang'an qosi'mta qosi'lsa, **s** sesi **sh** sesine aylani'p ayti'ladi', biraq wol jazi'wda yesapqa ali'nbaydi': *basshi'*+bashshi' (ayti'li'wi'), *qosshi'*-qoshshi' (ayti'li'wi') ha'm t.b.

**S** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **S**, kishi tu'ri **s**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **S**, kishi tu'ri **s.** Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'm kishi ha'ribi qosi'msha belgi arqali' asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Sari'gu'l, Sa'nem, Sa'rsen, sari', solqi'm, sa'lem* ha'm t.b.

**X** ha’ribi u’nsiz, kishkene tillik, juwi’si’n’qi’ dawi’ssi’zdi’ tan’balaydi’. Wol a’lipbede ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha jigirma tog’i’zi’nshi’ wori’nda turadi’. **X** ha’ribi qaraqalpaq tilinde basqa tillerden kirgen so’zlerdin’ barli’q wori’nlari’nda jumsaladi’: *xat, paxta, taxta, xosh, xi’zmet, paytaxt, sayaxat, xan, tariyx* ha’m t.b.

**X** ha’ribinin’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **X**, kishi tu’ri **x**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **X**, kishi tu’ri **x.** Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi ha’m kishi ha’ribi asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *Xorezm, Xorasan, Xalqabad, paraxatshi’li’q, paxta, taxta* ha’m t.b.

**H** ha’ribi u’nsiz, ko’mekey, juwi’si’n’qi’ dawi’ssi’zdi’ tan’balaydi’. Wol ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha a’lipbede woti’zi’nshi’ wori’nda turadi’. Wol so’zdin’ barli’q wori’nlari’nda jumsaladi’: *ha’kke, ha’rip, ha’reket, ha’zir, ha’zil, sa’ha’r, ba’ha’r, qa’ha’r, za’ha’r, ah, u’wh, pah* ha’m t.b. **H** ha’ribi so’zdin’ basi’nda ha’m aqi’ri’nda u’nsiz, al so’zdin’ wortasi’nda u’nli sesti an’latadi’. Sali’sti’ri’p ayti’p ko’rin’: *ha’reket-ma’ha’l-pah.*

**H** ha’ribinin’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **H**, kishi tu’ri **h**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **H**, kishi tu’ri **h.** Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi ha’m kishi ha’ribi asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: Ha’kimbay, Hu’rziya, sa’ha’r, ba’ha’r, Ilham ha’m t.b.

**P** ha’ribi u’nsiz, qos yerinlik, jabi’si’n’qi’ dawi’ssi’zdi’ tan’balaydi’. Wol a’lipbede ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha jigirma birinshi wori’nda turadi’. **P** ha’ribi so’zlerdin’ barli’q wori’nlari’nda, qosi’mtalardi’n’ basi’nda ha’m aqi’ri’nda jumsaladi’: So’zdin’ basi’nda: *pa’r, patsha, pi’shaq, pul* ha’m t.b.; so’zdin’ wortasi’nda: *palapan, shopan, shopaq, papaq* ha’m t.b.; so’zdin’ aqi’ri’nda: *tap, tep, ha’rip, sebep, shep* ha’m t.b. Qosi’mta basi’nda: *-pa//-pe* (soraw janapayi’), *-i’p//-ip* (hal feyil qosi’mtasi’) ha’m t.b.

**P** ha’ribinin’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **P**, kishi tu’ri **p**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **P**, kishi ha’ribi **p.** Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi qosi’msha belgi arqali’ keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *Parkent, Parij, Perdebay* ha’m t.b. Woni’n’ kishi ha’ribi wortan’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *pi’shi’q, pil, shapan* ha’m t.b.

Uluwma aytqanda, qaraqalpaq tilinde u’nsiz dawi’ssi’zlardi’ bildiretug’i’n ha’riplerdin’ jumsali’wi’ ha’r qi’yli’ da’rejede.

### *Ko’mekshi so’zlerdin’ jazi’li’wi’*

Ko’mekshi so’zler leksikali’q ma’ni an’latpaydi’, Ga’p ag’zasi’ xi’zmetin atqara almaydi’. Wolar tek ma’nili so’zlerge dizbeklesip kelip, dizbeklesken so’zine qosi’msha ma’ni beredi ha’m ga’ptegi basqa so’zler menen baylani’sti’radi’. Wolarg’a tirkewish, da’neker ha’m janapaylar kiredi.

***Tirkewish*** – atli’qlardi’ ha’m atli’qlasqan so’zlerdi belgili bir seplik formasi’na qoyi’p, wolardi’ basqa so’zler menen baylani’sti’ratug’i’n ko’mekshi so’zlerdin’ tu’ri. Barli’q tirkewishler wo’zinen buri’n kelgen so’zlerden bo’lek jazi’ladi’: *xali’q ushi’n, sabaqtan son’, ana haqqi’nda, universitetke shekem, Shi’mbayg’a qaray* ha’m t.b.

***Da'neker –*** so'z benen so'zdi, ga'ptin' birgelkili ag'zalari'n, qospa ga'plerdin' jay ga'plerin bir-biri menen baylani'sti'ratug'i'n ko'mekshi so'zlerdin' tu'ri. Barli'q da'nekerler wo'zinen buri'n kelgen so'zlerden bo'lek jazi'ladi': *ketti de qaldi', iyt penen pi'shi'q, adam ha'm ni'zam, Ba'ha'r keldi de, jerler ko'kke bo'lendi*. Wo'zi baylani'sli' so'zlerdin' yamasa ga'plerdin' basi'nda keletug'i'n da'nekerler de bo'lek jazi'ladi': *yeger wol kelse, ga' ushadi', ga' qonadi', meyli ba'ha'rde kel* ha'm t.b.

***Janapaylar*** – so'zge yamasa uluwma ga'pke qosi'msha ma'ni beretug'i'n ko'mekshi so'zlerdin' bir tu'ri. So'z aqi'ri'nda kelgen *ba, be* (*ma, me, pa, pe*) soraw janapaylari' *ha'm g'oy, g'ana, yemish* si'yaqli' janapaylar wo'zinen buri'ng'i' so'zlerden bo'lek jazi'ladi': *isleysen' be, woqi'ysan' ba, woqi'y ma, isley me, bara g'oy, bala g'oy, sen g'ana, aytqan yemish* ha'm t.b.

Al, soraw janapaylari' tu'bir menen qosi'mta arasi'nda kelgende qosi'li'p jazi'ladi': *woqi'ymi'san', barami'san', isleymisen', ko'rermisen'* ha'm t.b.

## Shi'ni'g'i'wlar

***10-shi'ni'g'i'w.*** U'nsiz dawi'ssi'zlardi'n' so'zdin' basi'nda keliwine 10 so'z, wortasi'na keliwine 10 so'z ha'm aqi'ri'nda keliwine 10 so'z jazi'n'.

Paxta, tamg'a, kepter, qada, ferma, fonema, shabandoz, sha'pa'a't, satira, Saltan, xat, xali'q, ha'dis, hasi'l, qaptal, kitap, qa'pes, qapshi'q, qatal, qatar, qatnas, pikir, tiken, tapqi'r, puqara, referat, sholaq, basli'q, qasi'q, ruwxi'y, psixika, asxana, ma'ha'l, ma'hrem, ka'sip, qap, su't, talant, ku'yik, ko'rik, ko'lik, qayi'q, qonaq, shkaf, shash, tas, dos, jolbari's, tariyx.

***11-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerden ko'mekshi so'zlerdin' tu'rlerin ani'qlan', wolardi'n' jazi'li'wi'n tu'sindirip berin'.

Siz jasaysi'z A'miw jag'alari'nda,
Ha'r ku'ni Shi'g'i'stan atqan tan' menen (I.Yusupov).
Qarsi'nda uyli'g'i'si'p qarli' tawlar,
Talasi'p sozar yedi-aw sag'an qoli'n (I.Yusupov).
Ta'n qartaysa ta'biyatti'n' ni'zami',
Biraq jaslay jan qartaysa, sol jaman (I.Yusupov).
Yeger u'yge bes ku'n miyman kelmese,
Shayi' qonbas menin' bayg'us anamni'n' (I.Yusupov).

Mug'allimge qarsi' turi'p, jinlimiz be? Kim bati'r yeken, qarsi' turi'p ta ko'rsinshi (T.Qayi'pbergenov). A'y Si'ri'mbet tami'r-a'y. Xan ketti – qazi'q ketti g'oy (K.Sultanov). Wo'ytip bulag'ay salmay-aq jo'n so'zdi aytsan' bolg'ani' g'oy (A.Begimov). Wol jetim-jesirge qol berip, shalg'ay jabadi'mi'sh (T.Qayi'pbergenov). Basshi' bolg'an son' qa'ytsin, g'ami'mi'zdi' woylaydi'. Yendi wo'zlerin' tuwrali' ayt (Wo'.Ayjanov). Bizge ag'ayin bolmasa da paldan tatli' qon'si'mi'z yedi (K.Sultanov). Mu'mkin, wol tap bu'gin-aq barar (Wo'.Xojaniyazov). Lekin, bizlerdin' arami'zda «qarni'mi'z toysa, qurban hayt» –dep ju're beretug'i'n bayag'i'day adam joq (I.Nietullaev).

## L, Y, R, W, M, N, N’ ha’riplerinin’ imlasi’. Bas ha’riplerdin’ jazi’li’wi’

Bul ha’ripler qaraqalpaq tilinde sonor dawi’ssi’zlardi’ bildiredi. Sonor yamasa sonant termini lati’nsha boli’p, wol «shi’qqi’sh» degendi an’latadi’. Wolardi’n’ ayi’ri’mlari’n aytqanda wo’kpeden shi’qqan hawa awi’zdan, al ayi’ri’mlari’n aytqanda muri’nnan shi’g’adi’. Usi’g’an baylani’sli’ sonorlar yeki toparg’a bo’linedi: awi’zli’q sonorlar (**l, y, r, w**) ha’m muri’nli’q sonorlar (**m, n, n’**).

**L** ha’ribi til aldi’, juwi’si’n’qi’, sonor dawi’ssi’zdi’n’ tan’basi’. A’lipbedegi ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha won besinshi wori’nda turadi’. Wol so’zlerdin’ barli’q wori’nlari’nda, qosi’mtalardi’n’ basi’nda ha’m aqi’ri’nda jumsaladi’. So’zdin’ basi’nda: *lazi’m, lekin, lala, laqqi’* ha’m t.b.; so’zdin’ wortasi’nda: *tilek, pa’lle, melle, talap* ha’m t.b.; so’zdin’ aqi’ri’nda: *qal, kel, pil, yel* ha’m t.b. Qosi’mta basi’nda: *-la//-le, -las//-les* (feyil jasawshi’ qosi’mta); qosi’mta aqi’ri’nda: *-shi’l//-shil* (kelbetlik jasawshi’ qosi’mta).

**L** ha’ribinin’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **L**, kishi ha’ribi **l**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **L**, kishi ha’ribi **l.** Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi ha’m kishi ha’ribi asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *Litva, London, Lada, sali’q, xali’q, laqqi’* ha’m t.b.

**Y** ha’ribi til wortasi’, juwi’si’n’qi’, sonor dawi’ssi’zdi’n’ tan’basi’. Wol a’lipbede ha’riplerdin’ qatar ta’rtibi boyi’nsha won yekinshi wori’nda turadi’. Bul ha’rip kirill jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesinde so’zdin’ basi’nda tiykari’nan jumsalmaytug’i’n yedi, al jan’a a’lipbe boyi’nsha wol so’zdin’ barli’q wori’nlari’nda jumsaladi’. So’zdin’ basi’nda: *yaqshi’, yasha, yari’m, yad* ha’m t.b.; so’zdin’ wortasi’nda: *tayaq, tayar, ma’yek, bayraq* ha’m t.b.; so’zdin’ aqi’ri’nda: *toy, ay, qoy* ha’m t.b. **Y** ha’ribi so’zdin’ basi’nda ha’m wortasi’nda basqa, so’zdin’ aqi’ri’nda basqasha ayti’ladi’. Wol bir sestin’ yeki tu’rli ren’kin (tu’r) an’latadi’. Sali’sti’ri’n’: *yamasa-tayaq-jay* ha’m t.b. **Y** ha’ribi qosi’mtalardi’n’ aqi’ri’nda jumsaladi’: *-day//-dey* (kelbetlik jasawshi’ qosi’mta), *-g’ay//-gey* (tilek meyil qosi’mtasi’) ha’m t.b.

**Y** ha’ribinin’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **Y**, kishi ha’ribi **y**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **Y**, kishi tu’ri **y.** Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi ha’m kishi ha’ribi asti’n’g’i’ bo’leginen keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’: *Yaqi’p, Yalta, Yaqi’ya, yari’m, yashik, tayaq, bayan* ha’m t.b.

**R** ha’ribi til aldi’, dirildewik, sonor dawi’ssi’zdi’n’ tan’basi’. A’lipbede ha’riplerdin’ qatar sani’ boyi’nsha jigirma yekinshi wori’nda turadi’. **R** ha’ribi so’zdin’ basi’nda kelgende Woni’n’ aldi’na **i’, i, u** dawi’sli’lari’ qosi’li’p yesitiledi, biraq wolar jazi’wda yesapqa ali’nbaydi’: *ret* (iret), *ras* (i’ras), *ruxsat* (uruxsat), *raxmet* (i’raxmet) ha’m t.b. Wol so’zdin’ wortasi’nda, aqi’ri’nda jiyi jumsaladi’. So’zdin’ wortasi’nda: *teren’, geren’, jaraq, taraq.*; So’zdin’ aqi’ri’nda: *tar, ter, woti’r, tur*. Sonday-aq, wol qosi’mta basi’nda: *-ra//-re* (feyil jasawshi’ qosi’mta), qosi’mta aqi’ri’nda da jumsaladi’: *-ar//-er* (kelbetlik feyil qosi’mtasi’) ha’m t.b.

**R** ha’ribinin’ baspa tu’rinin’ bas ha’ribi **R**, kishi ha’ribi **r**, jazba tu’rinin’ bas ha’ribi **R**, kishi ha’ribi **r.** Woni’n’ jazba tu’rinin’ bas ha’ribi ha’m kishi ha’ribi

wortan'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Rim, Riga, Ra'wshan, ha'rre, za'ru'r, g'arri'* ha'm t.b.

**W** ha'ribi qos yerinlik, juwi'si'n'qi', sonor dawi'ssi'zdi' tan'balaydi'. Wol a'lipbedegi ha'riplerdin' qatar sani' boyi'nsha jigirma jetinshi wori'nda turadi'. So'zdin' barli'q yesitilgen wori'nlari'nda jumsaladi'. So'zdin' basi'nda: *Watan, waqi't, wa'de, wa'layat* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: awa, *tawi'q, jawi'z, sawat, sawap* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *taw, palaw, jamaw, saqaw* ha'm t.b. **W** ha'ribi qosi'mtalardi'n' basi'nda ha'm aqi'ri'nda jumsaladi'. Qosi'mta basi'nda: *-wi'l* (atli'q jasawshi' qosi'mta), qosi'mta aqi'ri'nda: *-i'w//-iw* (atawi'sh feyil qosi'mtasi') ha'm t.b. Bul ha'rip te **y** ha'ribi si'yaqli' so'zdin' basi'nda ha'm wortasi'nda wo'zgeshe, so'zdin' aqi'ri'nda wo'zgeshe, bir sestin' yeki tu'rli ren'kin bildiredi. Sali'sti'ri'n': *watan-sawap-taw.*

**W** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **W**, kishi ha'ribi **w**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **W**, kishi ha'ribi **w.** Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi ha'm kishi ha'ribi u'stin'gi bo'leginen qosi'msha belgi arqali' keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Wa'liy, wa'zir, sawda, suwi'q* ha'm t.b.

**M** ha'ribi qos yerinlik, juwi'si'n'qi', muri'nli'q sonor dawi'ssi'zdi'n' tan'basi'. Wol a'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha won alti'nshi' wori'nda turadi'. **M** ha'ribi so'zdin' barli'q yesitilgen wori'nlari'nda, qosi'mtalardi'n' basi'nda ha'm aqi'ri'nda jumsaladi'. So'zdin' basi'nda: *mal, mo'r, ma'ha'l, ma'sh, ma'kke* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: *samal, tamaq, qamaq, jamal* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *tam, tamam, qa'lem, sa'lem* ha'm t.b. Qosi'mta basi'nda: *-ma//-me* (feyildin' boli'msi'z qosi'mtasi'), *-maq//-mek* (atawi'sh feyil qosi'mtasi') ha'm t.b.; qosi'mta aqi'ri'nda *-i'm//-im* (tarti'm jalg'awi').

**M** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **M**, kishi ha'ribi **m**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **M**, kishi ha'ribi **m.** Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi ha'm kishi ha'ribi asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *Moskva, Moynaq, Marat, malaqay, Shi'mbay, ha'mme* ha'm t.b.

**N** ha'ribi til aldi', jabi'si'n'qi', muri'nli'q sonor dawi'ssi'zdi'n' tan'basi'. Wol so'zlerdin' barli'q yesitilgen wori'nlari'nda jumsaladi'. A'lipbede ha'riplerdin' qatar ta'rtibi boyi'nsha won jeti'nshi' wori'nda turadi'. So'zdin' basi'nda: *nan, na'ha'n, na'lshe, nota, nag'i's* ha'm t.b.; so'zdin' wortasi'nda: *ana, tani's, gu'nji, gu'nde, yenshi* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *jan, qan, saban, da'n, sa'n, jo'n, ko'n* ha'm t.b. Qosi'mta basi'nda: *-na//-ne* (bari's sepligi qosi'mtasi'), *-ni'//-ni* (tabi's sepligi qosi'mtasi'); qosi'mta aqi'ri'nda: *-i'n//-in* (so'z jasawshi' qosi'mta) ha'm t.b.

**N** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **N**, kishi tu'ri **n**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **N**, kishi ha'ribi **n.** Woni'n' jazba tu'rinin' bas ha'ribi qosi'msha belgi arqali' keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *No'kis, Namangan, Nag'i'yma* ha'm t.b. Woni'n' jazba tu'rinin' kishi ha'ribi asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *nan, ana, ka'rxana, saxna* ha'm t.b.

**N'** ha'ribi kishkene tillik, jabi'si'n'qi', muri'nli'q sonor dawi'ssi'zdi'n' tan'basi'. Wol so'zdin' basi'nda uluwma jumsalmaydi'. A'lipbede won segizinshi wori'nda turadi'. So'zdin' wortasi'nda ha'm aqi'ri'nda, qosi'mtalardi'n' basi'nda ha'm aqi'ri'nda jumsaladi'. So'zdin' wortasi'nda: *don'i'z, qon'i'z, jan'a, an'i'z, ten'iz* ha'm t.b.; so'zdin' aqi'ri'nda: *topalan', sholan', jen', son', sen'* ha'm t.b.

Qosi'mtalardi'n' basi'nda: *-n'i'z//-n'iz* (tarti'm jalg'awi'), *-n'qire//-n'qi'ra* (feyildin' dawamli' tu'ri); qosi'mta aqi'ri'nda: *-i'n'//-in'* (tarti'm jalg'awi'), *-shan'//-shen'* (so'z jasawshi' qosi'mta) ha'm t.b.

Aqi'ri' **n** dawi'ssi'zi'na tamamlang'an so'zge **q, k, g'** dawi'ssi'zlari'nan baslang'an qosi'mtalar qosi'lg'anda, **n** dawi'ssi'zi' **n'** dawi'ssi'zi'na aylani'p yesitiledi, biraq wol jazi'wda yesapqa ali'nbaydi': *tu'ngi-tu'n'gi, jonqa-jon'qa, azang'i'-azan'g'i'* ha'm t.b.

**N'** ha'ribinin' baspa tu'rinin' bas ha'ribi **N'**, kishi ha'ribi **n'**, jazba tu'rinin' bas ha'ribi **N'**, kishi ha'ribi **n'**. Woni'n' jazba tu'rinin' kishi ha'ribi asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi': *ten'iz, ken'islik, ten'ge* ha'm t.b.

Solay yetip, sonor dawi'ssi'zlardi' bildiriwshi ha'ripler derlik so'zlerdin' ha'm qosi'mtalardi'n' barli'q wori'nlari'nda jumsaladi'.

## *Bas ha'riplerinin' jazi'li'wi'*

Familiya, wo'z ati' ha'm a'kesinin' ati' bas ha'rip penen jazi'ladi': *Nurmuxammedov Marat Ko'ptilew uli', Na'jim Da'wqaraev, Ta'jimuratova Gu'lnaz, A'metova Biybigil Asan qi'zi', Dosan Siypatdin uli' Nasi'rov* ha'm t.b. Al, adam atlari' menen birge qollani'latug'i'n **uli', qi'zi'** so'zleri wo'zinen buri'ng'i' so'zden bo'lek, kishi ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *Genjebay Ubaydulla uli', Aypara Xojamurat qi'zi' Dosnazarova* ha'm t.b.

Jer, suw, qala, kanal, wo'zek ha'm t.b. atlari'n bildiretug'i'n menshikli atli'qlar bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *To'rtku'l, Ellikqala, Xojako'l, Sibir, Aral, Altay, A'miwda'rya, Qi'zi'lqum, Qi'zketken, Ko'ko'zek* ha'm t.b.

Ma'deniy xi'zmet ko'rsetiw ha'm sawda ka'rxanalari'ni'n', sanaat ha'm transport (qurallari'ni'n'), kitap, gazeta-jurnal atlari' bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *Go'zzal* (xi'zmet ko'rsetiw u'yi), *Tashkent* (miymanxanasi'), *Kateks* (favrika), *Aral* (azi'q-awqat du'kani'), *Volga* (avtomashina), *Gorizont* (televizor), *Aqda'rya* (roman), *Yerkin Qaraqalpaqstan* (gazeta), *Qi'ri'q qi'z* (da'stan) ha'm t.b.

U'lken tariyxi'y sa'nelerdin', bayramlardi'n' atlari'ni'n' birinshi so'zi bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *Konstituciya ku'ni, G'a'rezsizlik ku'ni, Nawri'z bayrami', Jen'is bayrami', Qurban hayt* ha'm t.b.

Ko'p so'zlerden quralg'an to'mendegi menshikli atli'qlardi'n' ha'r bir so'zi bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi':

1) ma'mleketlerdin' atlari': *Qaraqalpaqstan Respublikasi', Wo'zbekstan Respublikasi', Rossiya Federaciyasi', Amerika Qurama Shtatlari'* ha'm t.b.

2) yen' joqarg'i' ma'mleketlik, xali'q arali'q sho'lkemlerdin' atlari': *Wo'zbekstan Respublikasi' Oliy Ma'jilisi, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi, Birlesken Milletler Sho'lkemi* ha'm t.b.

3) joqari' da'rejeli ma'mleketlik lawazi'mlardi'n' atlari': *Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidenti, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Sudi'ni'n' Basli'g'i'* ha'm t.b.

Bunday atamalardi'n' qurami'nda *ministr, wori'nbasar, birinshi wori'nbasar, prokuror, xatker, ja'rdemshi, ma'sla'ha'tshisi* ha'm t.b. so'zler kelse, wolar kishi

ha'rip penen jazi'ladi': *Wo'zbekstan Respublikasi' Bas ministri, Qaraqalpaqstan Respublikasi' prokurori', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' birinshi wori'nbasari'* ha'm t.b.

Ma'mleketlik joqari' da'rejeli si'yli'qlardi'n' ati' bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *Wo'zbekstan Qaharmani'* (ataq), *Alti'n Juldi'z* (medal), *Mehnat Shuxrati'* (orden) ha'm t.b. Al, basqa si'yli'qlar, hu'rmetli ataqlar, belgilerdin' atlari'ni'n' tek birinshi so'zi bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *Salamat a'wlad ushi'n* (orden), *Qaraqalpaqstan Respublikasi'na xi'zmet ko'rsetken ilim g'ayratkeri, Qaraqalpaqstan Respublikasi' xali'q mug'allimi* (hu'rmetli ataqlar) ha'm t.b.

Ko'p so'zden quralg'an ma'keme ha'm ka'rxanalardi'n', ma'mleketlik ha'm ja'ma'a'tlik xojali'qlardi'n', woqi'w wori'nlari' atlari'ni'n' birinshi so'zi bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *Densawli'qti' saqlaw ministrligi, Xali'q bilimlendiriw ministrligi, Ilimler akademiyasi', Til ha'm a'debiyat instituti', Worayli'q bank, Jazi'wshi'lar awqami'* ha'm t.b.

Bunday menshikli atli'qlardi'n' aldi'nda ani'qlawshi' so'zi bolsa da, wolardag'i' bas ha'rip saqlani'p jazi'ladi': *Qaraqalpaqstan Respublikasi' Densawli'qti' saqlaw ministrligi, Ilimler akademiyasi', N.Da'wqaraev ati'ndag'i' Til ha'm a'debiyat instituti'* ha'm t.b.

Teksttegi ga'plerdin' ha'm qosi'q qatarlari'ni'n' birinshi so'zi bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *Barli'q jumi'si'm usi'lardi'n' da'stu'rxani' ushi'n* (T.Qayi'pbergenov «Ko'zdin' qarashi'g'i'» romani').

Ana tilim, sen-basqadan ayi'rmam,<br>
Sen turg'anda men de a'dewir shayi'rman (I.Yusupov).

Ko'p so'zden quralg'an qospa atli'qlardi'n' ha'r bir so'zinin' birinshi ha'ribin ali'w joli' menen qi'sqarg'an so'zler bas ha'rip penen jazi'ladi': *BMSh* (Birlesken Milletler Sho'lkemi), QR (Qaraqalpaqstan Respublikasi'), *QMU* (Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti) ha'm t.b.

Jan'a jolg'a ga'ptin' bo'lekleri shi'g'ari'lg'anda, yeger wolar menshikli atli'qlar bolmasa, wolardi'n' aldi'na si'zi'qsha qoyi'ladi' da, kishi ha'ripten baslani'p jazi'ladi':

- *jergilikli ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' biyligine to'mendegi ma'seleler tiyisli:*

*-ni'zamli'li'qti', huqi'q ta'rtibin ha'm puqaralardi'n' qa'wipsizligin ta'miyinlew;*

*-aymaqlardi' ekonomikali'q, socialli'q ha'm ma'deniy jaqtan rawajlandi'ri'w;*

*-jergilikli komunalli'q xojali'qqa basshi'li'q yetiw;*

*-qorshap turg'an wortali'qti' qorg'aw;*

*-puqarali'q halat aktlerin dizimge ali'wdi' ta'miyinlew* (Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi').

## Shi'ni'g'i'wlar

***12-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi kirill jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesinde jazi'lg'an so'zlerdin' ishinen sonor dawi'ssi'zlari' bar so'zlerdi jan'a a'lipbede jazi'n'.

Ўатан, ана, парахатшылық, еркинлик, жаз, гүз, қыс, бәҳәр, Қарақалпақстан, теңлик, әрман, келешек, халық, бүгин, ертең, кеше, сыйыр, түйе, ешки, қала, аўыл, дослық, ғәрезсизлик, бахыт, аспан, ҳаўа, жаўын, булт, қуяш, бала, қыз, перзент, қағаз, китап, парта, қол, аяқ, бармақ, шаш, көз, бас, самал.

***13-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdegi bas ha'riplerdin' qollani'li'w sebeplerin ani'qlan'.

Gu'lmen desen', ahi'w-zar yet ko'zlerdi,
Tilmen desen', du'r qi'li'p shash so'zlerdi (I.Yusupov).
Bozlari'n' buzawlap, wortan' toli'si'p,
Isin' rawaj ali'p barar, Qon'i'rat (I.Yusupov).
Xalqi'm dana desem bolar,
Naqi'l yetken bile-bile,
So'yley-so'yley sheshen bolar,
Ko'sem bolar ko're-ko're (I.Yusupov).

Kempirdin' bul so'zine hesh qaysi'si' til qatpadi' (K.Sultanov). Qudaybergennin' a'kesi A'jimurat shabandoz tuwdi'-pitti Qanli' ko'ldin' turg'i'ni' yedi (K.Ma'mbetov). Al to'mende GES gu'rildep ti'ni'msi'z (I.Yusupov). Bizler «Ko'k gilem» yertegin bala gezimizde-aq woqi'g'an yedik, wol mektep sabaqli'qlari'nda da bar. Men wo'tken ji'li' QMU di'n' filologiya fakultetine woqi'wg'a tapsi'ri'p, joqari' ball menen woqi'wg'a qabi'l yetildim. Bektursi'n aytqani'n tez wori'nlapti': Sa'nem menen Jumabay jetip kelisti, basqalari' ba'nt (J.Seytnazarov).

## Sorawlar ha'm tapsi'rmalar

1. Muri'nli'q sonor dawi'ssi'zlardi'n' awi'zli'q sonor dawi'ssi'zlardan ayi'rmashi'li'g'i'n tu'sindirin'.
2. Sonor dawi'ssi'zlardi' bildiretug'i'n ha'riplerdin' qaysi'lari' asti'n'g'i' bo'leginen keyingi ha'ripke tutasti'ri'li'p jazi'ladi'.
3. Qanday sonor dawi'ssi'z ha'ripler qosi'mtalarda jumsaladi'?
4. Bas ha'riplerdin' qollani'li'w jag'daylari'n tu'sindirin'.
5. Qospa so'zlerde bas ha'riplerdin' qollani'li'wi'n ani'qlan'.

## Kirill jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesindegi я, ю, ё, ц, ч, щ, э ha'riplerinin', (jin'ishkertiw) ha'm (ayi'ri'w) belgilerinin' jan'a qaraqalpaq a'lipbesindegi imlasi'. Wo'zlestirme so'zlerdin' jazi'li'wi'

Lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an jan'a qaraqalpaq a'lipbesinde kirill jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq a'lipbesindegi ayi'ri'm ha'ripler ali'p taslandi'. Wolardi'n' bildiretug'i'n seslerin an'lati'w ushi'n jan'a a'lipbede ha'ripler birikpesi yamasa ayi'ri'm ha'ripler xi'zmet yetedi.

Kirill a'lipbesindegi ***я*** ha'ribinin' xi'zmeti jan'a a'lipbede ***ya*** ha'ripler birikpesine ju'klendi: *аяқ*-ayaq, *яша*-yasha, *ямаса*-yamasa, *дәрья*-da'rya ha'm t.b. ***Ya*** ha'ripler birikpesi so'zlerdin' barli'q wori'nlari'nda jumsaladi'. So'zdin' basi'nda: *яқшы*-yaqshi', *яднама*-yadnama ha'm t.b; so'zdin' wortasi'nda: *қыял*-

qi’yal, *қыят*-qi’yat, *Зияда*-Ziyada ha’m t.b.; so’zdin’ aqi’ri’nda: *уя*-uya, *сая*-saya, *Рая*-Raya ha’m t.b.

Kirill a’lipbesindegi ***Ю*** ha’ribinin’ xi’zmeti jan’a a’lipbede ***yu*** ha’ripler birikpesine ju’klendi: *юбка*-yubka, *юпитер*-yupiter, *Юсуп*-Yusup ha’m t.b. Qaraqalpaq tilinde ***yu*** ha’ribi tiykari’nan basqa tillerden kirgen so’zlerde jumsalatug’i’n yedi.

Kirill a’lipbesindegi *ё* ha’ribinin’ xi’zmeti jan’a a’lipbede *yo* ha’ripler birikpesine ju’klendi: *ёлка*-yolka, *слёт*-slyot ha’m t.b. Wol da basqa tillerden kirgen so’zlerde g’ana jumsalatug’i’n yedi.

Kirill a’lipbesindegi ***ц*** ha’ribinin’ xi’zmeti jan’a a’lipbede ***c*** ha’ripler birikpesine ju’klendi: *цех*-cex, *цемент*-cement, *конституция*-konstituciya, *артикуляция*-artikulyaciya ha’m t.b. Ha’zirgi waqi’tta baspaso’z betlerinde kirill a’lipbesindegi ***ц*** ha’ribinin’ worni’na ***C*** ha’ribi ali’ndi’. Ma’selen, *цех* so’zin *tsex* dep yemes, al *cex* dep jazi’w, *tsirk* so’zin *cirk* dep jazi’w ha’m t.b.

Kirill a’lipbesindegi ***ч*** ha’ribi ***ch*** ha’ripler birikpesine ju’klendi: chek, ocherk, chemodan ha’m t.b.

Kirill a’lipbesindegi ***щ*** ha’ribinin’ xi’zmeti *sh* ha’ripler birikpesinde jazi’ladi’: *щётка*-shyotka *Щорс*-Shors ha’m t.b.

**Э** ha’ribinin’ xi’zmeti **e** ha’ribine ju’klenedi: *электр*-elektr, *экономика*-ekonomika ha’m t.b. **Э** ha’ribi qaraqalpaq tilinde tiykari’nan rus tili ha’m wol arqali’ basqa tillerden kirgen so’zlerde jumsalar yedi. Demek, jan’a a’lipbede **e** ha’ribinin’ **э** ha’ribinin’ xi’zmetin atqari’wi’ tek wo’zlestirilgen so’zlerde ushi’rasadi’: *era, ekvator, element* ha’m t.b.

Jan’a qaraqalpaq a’lipbesinde kirill a’lipbesindegi (jin’ishkertiw) ha’m (ayi’ri’w) belgileri ali’p taslandi’. Ayri’m so’zlerdegi wolardi’n’ worni’na **y** ha’ribi jumsaladi’, al ayi’ri’m so’zlerde wol ali’ni’p taslap jazi’ladi’: *sezd*-syezd, *pesa*-pyesa, *albom*-albom, *asfalt*-asfalt, *palto*-palto ha’m t.b.

Du’nyada tillerdin’ sani’ haqqi’nda shamalawlar boyi’nsha, du’nya tillerinin’ sani’ 2500-3000 arali’g’i’nda. Son’g’i’ da’wirdegi mag’lumatlar boyi’nsha wolardi’n’ sani’ 5000 nan aslam. Du’nyada qansha til bolsa da, wolardi’n’ so’zlik qurami’ni’n’ hesh birewi de tek wo’z so’zlerinen turmaydi’. Qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’ni’n’ bir bo’legin basqa tillerden kirgen so’zler quraydi’. A’sirese, arab ha’m parsi’, ta’jik tillerinen kirgen so’zler belgili wori’ndi’ iyeleydi. Wolardi’n’ ayti’li’wi’ qaraqalpaq tilinin’ fonetikali’q ni’zamlari’na bag’i’ni’p, jazi’li’wi’nda da sol princip yesapqa ali’ng’an. Sonli’qtan wolar wo’z so’zlerimizdey (tu’rkiy so’zlerdey) boli’p ketken. Al qaraqalpaq tiline rus ha’m wol arqali’ basqa tillerden kirgen so’zlerdin’ jazi’li’w principi wo’zgeshe. 1920-ji’llarg’a shekem rus tilinen kirgen so’zler qaraqalpaqsha ayti’li’wi’ menen jazi’li’p, ha’zir wolar wo’z so’zlerimizdey boli’p ketken. Mi’sali’, *gerbish* (kirpich), *ken’es* (kancelyariya) ha’m t.b. Biraq wonnan son’g’i’ da’wirlerde rus tili ha’m wol arqali’ basqa tillerden kirgen so’zler rus tilinde qalay jazi’lsa, qaraqalpaq tilinde de solay jazi’li’w da’stu’ri payda boldi’. Jan’a a’lipbe ha’m imla qag’i’ydalari’nda da sol princip saqlani’p qaldi’.

## Shi’ni’g’i’w

***14-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi jan'a a'lipbede jazi'n'. So'zlerdegi я, ю, ё, ц, ч, щ, э ha'riplerinin', ъ (ayi'ri'w) ha'm ь (jin'ishkertiw) belgilerinin' jazi'li'wi'n di'qqat penen u'yrenin'.

Yusupovti'n' brigadasi' bi'yi'l ha'r gektardan qi'ri'q centnerden paxta jetistiriw ushi'n gu'resip ati'r («Yerkin Qaraqalpaqstan»). Astronomiyada Beruniy Kopernikten bes ju'z ji'l – Nyutonnan alti' ju'z ji'l, matematikada – Gausstan segiz ju'z ji'l wozg'an. Geografiyada Kolumqa deyin to'rt yari'm a'sir buri'n Amerikani'n' bar yekenin boljap ko're bilgen (F.Kravin). Aerovokzalda mi'n' adam ko'rsen', wolardi'n' mi'n' tu'rli minezlerine tan' qalasan' (K.Allambergenov).

«Du'nya quwsan', du'nyadan qalay wo'tkenin'di bilmey qalasan'» degen ata-babami'z (Naqi'l). Miliciya bo'liminen shi'qqan Nazarov penen Azamat usi'layi'nsha so'ylesip, uchilishege de jaqi'nlap qaldi' (Wo'.Ayjanov). Ha'r qanday qubi'li'sqa obyektivlik baha beriwdin' wo'zi jetkiliksiz. Kelesi ji'lda olimpiada wo'tkeriletug'i'n u'lken chek taslaw arqali' ani'qlandi'. Bizler universitet jani'na yolka na'llerin a'kelip woti'rg'i'zdi'q.

## Sorawlar ha'm tapsi'rmalar

1. Я, ю, ё ha'ripleri bar 10 so'z tabi'n' ha'm wolardi' jan'a a'lipbede jazi'n'.
2. Ayi'ri'w ha'm jin'ishkertiw belgilerinin' worni'na i ha'ribi qollani'latug'i'n so'zlerge mi'sallar jazi'n' ha'm woni'n' sebeplerin ani'qlan'.
3. Ц, ч, щ ha'ripleri bar 10 so'z tabi'n' ha'm wolardi' jan'a a'lipbede jazi'n'.
4. Ayi'ri'w ha'm jin'ishkertiw belgileri jan'a a'lipbede tu'sirilip qali'wi'na mi'sallar keltirin' ha'm wolardi'n' sebebin ani'qlan'.

## So'zlerdin' qosi'li'p ha'm bo'lek jazi'li'wi'. So'zlerdi wo'tkermelew

Yeki ha'm wonnan da arti'q so'zlerdin' ma'nilik jaqtan birigip, wolardi'n' uluwma bir tu'sinikti an'lati'wi'nan qospa so'zler jasaladi'. Qospa so'zlerdin' birikken ha'm birikpegen tu'rlerinin' jazi'li'wi'nda jan'a imla qag'i'ydalari'nda tiykari'nan buri'ng'i' imla qag'i'ydalari'ni'n' principleri saqlani'p qaldi'. Sol qag'i'ydalar boyi'nsha to'mendegi qospa so'zler bo'lek jazi'ladi'.

1. Yeki ha'm wonnan da arti'q so'zlerden qurali'p bir tu'sinikti bildiretug'i'n qospa so'zlerdin' bo'lekleri wo'z ma'nilerin jog'altpag'an bolsa, wonda qospa so'zlerdin' ag'zalari' bir-birinen bo'lek jazi'ladi'. Mi'sali', *Worta Aziya, awi'l xojali'g'i', ayaq kiyim* ha'm t.b.

Qospa so'zlerdin' ag'zalari'ni'n' bo'lek jazi'li'wi'nda wolardi'n' so'z shaqaplari'na qatnasi' da yesapqa ali'nadi'. Yeki atli'q yamasa yeki kelbetliktin', sonday-aq, kelbetlik penen atli'qti'n' qatar keliwinen jasalg'an qospa so'zler bo'lek jazi'ladi': *alti'n saat, ag'ash qasi'q, qara tori', sari' at, aq boz* ha'm t.b. Qospa sanli'qlar, sanli'q penen kelbetliktin' dizbeklesiwinen jasalg'an qospa kelbetlikler bo'lek jazi'ladi': *jigirma bes, bir mi'n' tog'i'z ju'z toqsan, jeti kilomertlik, bes juldi'zli'* ha'm t.b.

Ha'r, hesh, bir, gey, ha'mme, qaysi' si'yaqli' so'zler atli'q penen dizbeklesip kelgende bo'lek jazi'ladi': *ha'r woqi'wshi', ha'r jerde, ha'r ku'ni, hesh adam, bir*

*ku'ni, gey waqi'tlari', bir adam, ha'mme adam, qaysi' ku'ni* ha'm t.b. Sonday-aq qospa feyillerdin' si'n'arlari', ma'nili feyil menen ko'mekshi yamasa toli'qsi'z feyiller bo'lek jazi'ladi': *tamam boldi', maqul ko'rdi, bari'p keldi, ayta ber, jaza basladi', kelgen yeken, so'ylep berdi* ha'm t.b.

Qaraqalpaq tilinde yeki ha'm wonnan da ko'p so'zlerdin' ma'nilik ha'm grammatikali'q jaqtan birigiwinen du'zilgen so'z dizbekleri ag'zalari'ni'n' shegaralari'nda dawi'sli' sesler qatar kelip, so'ylewde wolardi'n' birewi tu'sirilip ayti'lsa da, jazi'wda saqlani'p, bir-birinen bo'lek jazi'ladi': *ala at* (alat), *sari' ala at* (saralat), *tori' at* (torat).

Yeki so'zden quralg'an qospa so'zlerdin' birewi wo'z aldi'na bo'lek turg'anda ma'ni an'latpaytug'i'n bolsa yamasa seslik wo'zgeriske ushi'rasa wolardi'n' ag'zalari' qosi'li'p jazi'ladi'. Ma'selen, ***qarabaraq, ashi'wdas*** qospa so'zlerdin' ***baraq*** ha'm ***das*** bo'lekleri ma'ni an'latpaytug'i'n bolg'anli'qtan qosi'li'p jazi'ladi'. Al bilezik, qolg'ap so'zlerinin' qosi'li'p jazi'li'wi'na so'zlerdin' seslik wo'zgerislerge ushi'rawi' sebep boli'p tur. ***Bilezik*** so'zi ***bilek*** ha'm ***ju'zik, qolg'ap*** so'zi ***qol*** ha'm ***qap*** so'zlerinin' birigiwinen jasalg'an.

Qaraqalpaq tilinin' imla qag'i'ydalari' boyi'nsha yeki ha'm wonnan da ko'p so'zlerden quralg'an menshikli adam, qala, awi'l, jer, suw, da'rya, ko'l, aspan denelerinin' atlari' bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': *Aytjan, Allamurat, Bag'dagu'l, Ma'mbetkerim, Xalqabad, Taxtako'pir, Yellikqala, Qaraoy, Barsakelmes, Jetiqaraqshi'* ha'm t.b. Sonday-aq, yeki so'zden quralg'an haywanlardi'n', bali'qlardi'n', quslardi'n', wo'simliklerdin' tu'rlerin bildiretug'i'n g'alabali'q atli'qlar qosi'li'p jazi'ladi': *jolbari's, alabug'a, tasbaqa, tu'yetawi'q, aqqutan, suwqabaq, atqulaq* ha'm t.b. Bug'an qosi'msha ko'za'ynek, qoljazba so'zlerinin' de qosi'li'p jazi'latug'i'ni' yeskertilgen.

Qaraqalpaq tiline basqa tillerden wo'zlestirilgen yamasa awdarma jasaw joli' menen wo'zlesken qospa so'zler qosi'li'p jazi'ladi': *kinoteatr, aviapochta, fotoapparat, radioesittiriw, teleko'rsetiw, Aralboyi'* ha'm t.b. Ha'r, hesh, gey, a'lle, bir so'zleri wo'zinen son' kelgen almasi'q, ra'wishler menen qosi'li'p jazi'ladi': *ha'rkim, heshbir, geypara, a'lleqanday, a'llekim, ba'ribir, birotala, heshteme* ha'm t.b.

Qi'sqarg'an qospa so'zlerdin' barli'q tu'rleri ha'm wolarg'a qosi'latug'i'n qosi'mtalar qosi'li'p jazi'ladi': *pedinstitut, QMU, KamAZ, BMShti'n', QMUg'a* ha'm t.b. (Qi'sqarg'an qospa so'zlerdin' jazi'li'wi' haqqi'nda toli'g'i'raq mag'luwmat wo'tken temalarda berildi).

So'zlerdin' bir qatarg'a si'ymay qalg'an bo'leklerin yekinshi qatarg'a bo'lip jazi'w wo'tkerme dep ataladi'. Wo'tkermelewdin' to'mendegidey qag'i'ydalari' bar.

1. Ko'p buwi'nli' so'zlerdin' qatarg'a si'ymay qalg'an bo'lekleri jan'a jolg'a buwi'n boyi'nsha wo'tkeriledi: *ten'sizliklerge+ten'-sizliklerge, ten'siz-liklerge, ten'sizlik-lerge, ten'sizlikler-ge.* Demek, bul so'zdi to'rt tu'rde wo'tkermelew mu'mkin.

2. Wo'tkermelewdin' qag'i'ydasi' boyi'nsha bir ha'ripti buri'ng'i' qatarda qaldi'ri'wg'a yamasa keyingi qatarg'a wo'tkeriwge bolmaydi'. Ma'selen, *ana, u'yi* so'zleri yeki buwi'nli' bolg'ani' menen wolardi' wo'tkermelewge bolmaydi'.

Sonday-aq, *ajag'a* so'zin *a-jag'a, a'debiy* so'zin *a'-debiy* tu'rinde wo'tkermelewge bolmaydi'.

3. Bas ha'riplerin ali'w arqali' jasalg'an qi'sqarg'an qospa so'zlerdi wo'tkermelewge bolmaydi'. Al wolarg'a qosi'latug'i'n qosi'mtalardi' wo'tkermelewge boladi': *QMU-di'n', BMSh-qa, AQSh-qa* ha'm t.b.

4. Adam ati'ni'n' qi'sqarti'li'p ali'ng'an bas ha'riplerin familiyadan bo'lip jan'a jolg'a wo'tkeriwge yamasa buri'ng'i' jolda qaldi'ri'p ketiwge bolmaydi': *I.-Yusupov yemes, I.Yusupov yamasa Yusupov-I. yemes Yusupov I.* ha'm t.b.

5. Cifr menen keletug'i'n ha'ripten ibarat sha'rtli belgiler ha'm menshikli atama so'zler cifrdan bo'linip ali'ni'p, jan'a jolg'a ko'shirilmeydi: *200-km* yemes, *200 kg, 100-m* yemes, *100 m, 50-sm* yemes *50 sm* ha'm t.b.

## Shi'ni'g'i'wlar

***15-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdin' qaysi'lari' bo'lek, qaysi'lari' qosi'li'p jazi'latug'i'ni'n ani'qlan'. Wolardi' yeki toparg'a bo'lip jazi'n'.

Xali'q xojali'g'i', den sawli'q, Qaraqalpaqstan Respublikasi', ha'r dayi'm, bir neshe, bara sala, video magnitafon, qol jazba, ko'rse qi'zar, qos jaqpas, at qulaq, su't ilmek, ayg'a bag'ar, aq quw, shaytan tawi'q, gu'di buzar, yeshki yemer, g'awi'q qus, qur baqa, ala at, bes kempir, Alti'n ko'l, qara taw, qara woy, kino lenta, ilimler akademiyasi', jer ju'zlik, mikro biologiya, ko'k ala, qazan ketken, bul jaqqa, sol jerde, ji'ynali'stan son', ketti de qaldi', ala kel, bari'p keldi, ha'r ku'ni, gey ji'llari', ha'r na'rse.

***16-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi jazi'p, wondag'i' qaysi' so'zlerdi wo'tkermelewge bolmaytug'i'ni'n ani'qlan'.

Iri wot-sho'pler DKU mashinasi'nda maydalanadi' (G.To'reeva). Japti'n' boyi'ndag'i' terekler uzi'n boli'p wo'sipti. Tu'n. Aqda'ryani'n' ishi si'g'asqan keme (K.Sultanov). A'jag'am TashMIde u'shinshi kursta woqi'p ati'r. Biraz woti'ri'p yedim, Ayi'm da keldi. Bi'yi'l fermerlerimiz 200 ga paxta yegip, ta'rbiyalamaqshi'. Wol bazardan 5 kg alma, 3 kg almurt sati'p aldi'.

## Sorawlar ha'm tapsi'rmalar

1. So'zlerdin' ne ushi'n qosi'li'p jazi'w kerekligin tu'sindirin'.
2. Gazeta betlerinen qosi'li'p jazi'latug'i'n so'zlerge ga'p ishinde keltirip won mi'sal jazi'n'.
3. Qospa so'zlerdin' bo'lek jazi'li'wi'ni'n' sebeplerin ayti'p berin' ha'm wolarg'a mi'sallar keltirin'.
4. Wo'tkerme menen buwi'nni'n' shegarasi' ten' kelmeytug'i'n so'zlerge won mi'sal keltirin'.
5. Ayti'li'wi'nda qosi'li'p, imla qag'i'ydalari' boyi'nsha bo'lek jazi'latug'i'n so'zlerge mi'sallar jazi'n'.

## Tu'bir ha'm qosi'mtalardi'n' imlasi'. So'zlerdin' defis arqali' jazi'li'wi'

Qaraqalpaq tilinin’ jan’a imla qag’i’ydalari’nda tu’bir so’zlerdin’ imlasi’ boyi’nsha to’mendegidey qag’i’ydalar bar.

Tu’biri ***n*** sesine tamamlang’an so’zlerge ***b*** sesinen baslang’an yekinshi bir so’z yamasa qosi’mtalar qosi’lg’anda, ***n*** sesi ***m*** sesine aylani’p yesitiledi, biraq so’zdin’ tu’biri saqlani’p ***n*** ha’ribi jazi’ladi’: *Sag’i’nbay* (Sag’i’mbay), *ko’nbedi* (ko’mbedi), *kelgen be* (kelgem be) ha’m t.b. Demek, bunda morfologiyali’q tiykar yesapqa ali’ng’an. Sonday-aq ***e*** sesine pitken so’zlerge ***q, g’, g*** seslerinen baslang’an qosi’mta qosi’lsa, wonda ***n*** sesi ***n’*** sesine aylani’p ayti’ladi’, biraq wol jazi’wda yesapqa ali’nbay ***n*** ha’ribi jazi’ladi’: *jonqa* (jon’qa), *mingisi* (min’gisi), *taq sang’a* (taq san’g’a) ha’m t.b. Mi’sallardag’i’ qawi’s ishindegiler so’ylewde qollani’ladi’ da, al wolardi’ sol ayti’li’wi’ boyi’nsha jazi’w imla qag’i’ydalari’ boyi’nsha qa’te boli’p yesaplanadi’.

Aqi’ri’ ***s*** ha’m ***z*** seslerine pitken so’zlerge ***sh*** sesinen baslang’an qosi’mtalar qosi’lsa, ***s*** ha’m ***z*** sesi ***sh*** sesine aylani’p yesitiledi, biraq wol jazi’wda yesapqa ali’nbaydi’, yag’ni’y ***s*** ha’m ***z*** ha’ripleri jazi’ladi’: *basshi’* (bashshi’), *duzshi’* (dushshi’), *sazshi’* (sashshi’), *quri’li’sshi’* (quri’li’shshi’) ha’m t.b.

Aqi’ri’ ***q, k, p*** dawi’ssi’zlari’na pitken so’zlerge dawi’sli’ seslerden baslang’an qosi’mtalar qosi’lsa, ***q*** sesi ***g’*** sesine, ***k*** sesi ***g*** sesine, ***p*** sesi ***b*** sesine wo’zgeredi ha’m bul jazi’wda da yesapqa ali’nadi’: *taraq+i’*=tarag’i’, *terek+i*=teregi, *kitap+i’*=kitabi’ ha’m t.b. Biraq ayi’ri’m so’zlerde bunday qubi’li’s ju’z bermeydi: *Ga’p+i*=Ga’pi, *shaq+i’*=shaqi’, *huquq+i’*=huquqi’ ha’m t.b. Bunday so’zlerdin’ imlasi’nda so’zlerdin’ ayti’li’w wo’zgesheligi yesapqa ali’ng’an.

Qaraqalpaq tilinde ***p*** sesine tamamlang’an bir qatar feyil so’zlerge hal feyil jasawshi’ *-i’p//-ip* qosi’mtasi’ qosi’lg’anda ***p*** sesi ***w*** sesine wo’zgeredi ha’m bul wo’zgeris jazi’wda yesapqa ali’nadi’: *tap+i’p*=tawi’p, *jap+i’p*=jawi’p, *sep+ip*=sewip ha’m t.b.

Yekinshi buwi’ni’nda qi’si’q dawi’sli’ sesi bar *xali’q, yerip, wori’n, awi’z, muri’n* ha’m t.b. so’zlerge ***i’, i*** tarti’m jalg’awlari’ jalg’ang’anda, tu’birdegi qi’si’q i’, ***i*** dawi’sli’lari’ tu’sip qali’p jazi’ladi’: *xali’q+i’*=xalqi’, *yerin+i*=yerni, *wori’n+i’*=worni’, *awi’z+i’*=awzi’, *muri’n+i’*=murni’. Biraq wolardi’n’ tu’sip qali’wi’ bir tegis rawajlanbag’an. *Yerik, kelin, juli’n* ha’m t.b. so’zlerge ***i’, i*** tarti’m jalg’awlari’ jalg’ang’ani’ menen tu’birdegi qi’si’q ***i’, i*** dawi’sli’lari’ tu’sip qalmaydi’: *yerik+i*=erigi, *kelin+i*=kelini, *juli’n+i’*=juli’ni’. Imla qag’i’ydalari’nda bunday so’zlerdi jazi’wda wolardi’n’ ayti’li’w ha’m yesitiliw wo’zgeshelikleri yesapqa ali’ng’an.

Qaraqalpaq tiline basqa tillerden wo’zlesken, aqi’ri’nda birdey qabatlasqan dawi’ssi’zlari’ bar *klass, kilogramm, gripp, kongress* ha’m t.b. so’zlerge qosi’mtalar qosi’lsa, wonda qabatlasqan birdey yeki dawi’ssi’zdi’n’ birewi tu’sirilip jazi’ladi’: *klass+i’m*=klasi’m, *kilogramm+i’*=kilogrami’, *gripp+im*=gripim, *kongress+i*=kongresi, *gripp+ten*=gripten, *klass+tan*=klastan ha’m t.b. Buri’ng’i’ imla qag’i’ydalar boyi’nsha birdey qabatlasqan dawi’ssi’zlarg’a tamamlang’an so’zlerge tek dawi’sli’ sesten baslanatug’i’n qosi’mta qosi’lg’anda wolardi’n’ birewi tu’sirilip jazi’latug’i’n yedi. Al jan’a imla qag’i’ydalari’nda wolardi’n’ tu’sirilip jazi’li’wi’na qosi’mtani’n’ dawi’sli’ yamasa dawi’ssi’zdan baslani’wi’ ta’sir tiygizbeydi.

Rus tili ha'm wolar arqali' basqa tillerden wo'zlesken aqi'ri' ***kt, ng, mn, zd, st, rk*** dawi'ssi'zlari'na pitken so'zlerge qosi'mtalar tikkeley jalg'anadi'. Bul qag'i'yda buri'ng'i' imla qag'i'ydalari'na sa'ykes keledi. Mi'sali', *akt+ten*=aktten, *gimn*-gimnge, *park+ke*=parkke ha'm t.b.

Aqi'ri' ***ov-ova, ev-eva*** boli'p pitken familiyalarg'a son'g'i' buwi'nni'n' jin'ishkeligine qaray qosi'mtalar juwan-jin'ishke tu'rinde jalg'anadi': *Aytbayovqa, Atabayovqa, Aliyevag'a* ha'm t.b. Demek, bularda da buri'ng'i' imla qag'i'ydalari'na sali'sti'rg'anda wo'zgeshelik bar. Buri'n aqi'ri' ***y*** dawi'ssi'zi'na pitken adam atlari'na familiya jasawshi' qosi'mta qosi'lg'anda ***y*** dawi'ssi'zi' tu'sirilip so'zdin' juwan-jin'ishkeligi buzi'latug'i'n yedi. Mi'sali', *Atabaevqa, Aytbaevg'a* ha'm t.b. Ha'zirgi imla qag'i'ydalari' boyi'nsha aqi'ri' ***y*** dawi'ssi'zi'na pitken adam atlari'na familiya jasawshi' qosi'mta qosi'lg'anda ***y*** dawi'ssi'zi' saqlani'p jazi'ladi':

Defistin' qollani'li'wi' boyi'nsha jan'a ha'm buri'ng'i' imla qag'i'ydalari' bir-birine sa'ykes keledi. Wol, birinshiden, jup ha'm ta'kirar so'zlerde qollani'ladi': *topar-topar, ko're-ko're, u'lken-u'lken, tonna-tonna* (ta'kirar so'zler), *ag'ayin-tuwg'an, qon'si'-qoba, jora-joldas, qazan-tabaq, bes-alti'* (jup so'zler) ha'm t.b. Ayi'ri'm jup so'zler u'sh so'zden de jasaladi'. Bul jag'dayda defis yeki ret qollani'ladi'*: gelle-bas-si'yraq, bir-yeki-u'sh, qati'n-bala-shag'a* ha'm t.b. Sonday-aq, ta'kirar so'zlerdin' ayi'ri'm tu'rlerinde de ha'm artti'ri'w da'rejesindegi kelbetliklerde de defis qollani'ladi': *ju'zbe-ju'z, teppe-ten', birden-bir, qi'p-qi'zi'l, jap-jaman* ha'm t.b. Yekinshiden, ayqi'nlawi'sh ayqi'nlani'wshi' ma'nide kelgen qospa atli'qlar defis arqali' jazi'ladi': *general-mayor, xabarshi'-ag'za, ana-jer* ha'm t.b. Ji'ynaqlaw ma'nisinde qollani'latug'i'n xali'q atlari' ha'm sonday ma'nide kelgen menshikli qospa atli'qlar defis arqali' jazi'ladi': *qarashay-balkar, buryat-mongol, qazaq-qi'rg'i'z, No'kis-Shi'mbay, Qon'i'rat-Beynew, Tashkent-No'kis* ha'm t.b. U'shinshiden, janapaylardi'n' bir qatar tu'rleri defis arqali' jazi'ladi' (bul haqqi'nda «ko'mekshi so'zlerdin' jazi'li'wi'» temasi'na qaran'i'z). To'rtinshiden, arab cifri' menen kelgen qatarli'q sanni'n' *-i'nshi'//-inshi* qosi'mtasi'ni'n' worni'na defis qollani'ladi': *5-klass, 21-mart, 3-sort* ha'm t.b. Qatarli'q sanlardi' bildiriwshi arab cifrlari' bir neshe boli'p kelgende wolardi'n' ha'r birinen keyin defis qoyi'ladi': *8-9-10-klaslar, 50-60-ji'llar* ha'm t.b. Al qatarli'q sandi' ko'rsetiwshi rim cifrlari'nan keyin defis qollani'lmaydi': *XX a'sir, II bap, X klass* ha'm t.b.

Besinshiden, texnikali'q qurallardi'n' atlari'n bildiretug'i'n qi'sqarg'an so'zlerden keyin cifrlar kelgende aralari'na defis qollani'ladi': *Tu-154, T-28, GAZ-53* ha'm t.b.

### *Shi'ni'g'i'wlar*

***17-shi'ni'g'i'w***. Berilgen ga'plerdegi so'zlerdin' tu'bir ha'm qosi'mta arasi'nda wo'zgerislerdi ani'qlan', wolardi'n' sebeplerin tu'sindirin'.

### Bali'qshi'ni'n' qi'zi'

Ten'izdegi tuwlag'an tolqi'n yesken samal menen burqi'ldap, aspang'a ati'li'p, bultqa sekiredi. Uytqi'g'an samal qayda barasan' degendey qayi'qti' ag'i'p barati'rg'an sen'ge ti'g'adi'. Jawg'an jawi'n menen aralas si'qi'rlag'an ashi'wli' sen'ge shi'damag'an qami'slar japi'ri'li'p baslari'n iyedi. Ko'shpeli qopa da jel awdarg'an qan'baqtay si'qi'rlag'an muzdi'n' aldi'na tu'sip, samaldi'n' i'g'i'na qaray

i'g'adi'. Wol sen'nin' u'stinde g'ayratli' qaharman Ra'wshan qayi'qti' wo'rge tartadi'. Ko'len'kesinen qori'qqan qasqaldaqlar menen ushi'p ju'rgen birli yari'm shag'alalar za'rresi qalmastan aspanda qanat qag'adi'... Sen'lerdin' arasi'nda qayi'q aydag'an qaharman qi'z qori'qpastan ku'shli tolqi'nlar menen ali'sadi'. Wog'an Araldi'n' ku'shli tolqi'nlari' ku'sh bermey i'sqi'radi'. Qi'z wonnan sayi'n jerge minip, sen'lerdi yeskek penen iyterip tarti'sadi'... Araldi'n' jasi'ri'n si'rlari'n bir neshe ji'ldan beri joldas bolg'an Ra'wshan biledi... Sen' arasi'nda da'ryag'a aw sali'w, qa'pelimnin' arasi'nda ten'iz qati'p qali'p awdi' ali'wg'a tuwra kelgende, samaldi'n' qatti' buri'li'wi'nan muz jari'la qoyg'anda, bir muzdan yekinshi muzg'a sekiriwdin' jollari'n, sen'nin' arasi'nda qalsa, wonnan quti'li'w jollari'n, wol a'kesinen u'yrengen yedi.

Ra'wshan keshegi ten'izge qurg'an awg'a jaqi'nlag'anda ku'n de uyasi'na bari'p jetiwge az-aq qalg'an yedi. Qi'z awi'lg'a jaqi'nlag'an sayi'n samal uytqi'p, bir sen'di bir sen'ge uri'p, tu'n qaran'g'i'si' qoyi'wlandi' (A.Begimov).

***18-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi jan'a qaraqalpaq a'lipbesinde ha'm za'ru'r wori'nlarg'a defis qoyi'n'.

Za'rresi ushqan Sa'liyma arti'na qaramastan zi'tqi'p shi'qti'. Ha'p zamatta u'yine kelip zorg'a degende ko'kiregin basi'p aqi'li'n ji'ynadi'. Tap usi' waqi'tta a'ywannan shi'qqan Qalmurat shertek asti'nda bir tu'rli boli'p qi'zi'na qaradi' da:

Haw, sen yele Baymuratti' shaqi'rmadi'n' ba?– dedi.

Bardi'm, ustaxana ilik yeken, Baymurat joq... dep Sa'liyma hawli'qqani'nan woyi'na kelgenin ayti'p ta qoydi'.

Nege sonda da'rriw mag'an aytag'oymaysan'. Azannan berli ketiwge qi'stani'p woti'rg'an qonaqlardi' joli'nan qaldi'rdi'n'? Qalmurat ju'zinde qani' qalmag'an qi'zi'na keyigen boli'p qaytadan ishke kirdi. U'mitli boli'p woti'rg'an du'nyaxor dayi'si' menen mollag'a usta jigittin' joq yekenin aytti' da, «meyli, sizler keregin'izdi ali'p kete berin'. Men bolsam jan'adan isletip alarman» – dedi.

**Sorawlar ha'm tapsi'rmalar**

1. Tu'bir so'zlerdin' jazi'li'wi' boyi'nsha qag'i'ydalardi' ayti'p berin'.
2. *Q, k, p* u'nsiz dawi'ssi'zlari' qanday jag'dayda sa'ykes u'nli *g', g, b* dawi'ssi'zlari'na aylani'p jazi'ladi'? Wolarg'a mi'sallar keltirin'.
3. Qaraqalpaq tiline basqa tillerden wo'zlestirilgen so'zlerge qosi'mtalar jalg'ang'anda payda bolatug'i'n wo'zgerislerdi u'yrenin'.
4. Qaraqalpaq tilinde defistin' qoyi'latug'i'n wori'nlari'n u'yrenin'.

**Test sorawlari'**

1. Juwan, ashi'q, yeziwlik dawi'sli' sesti bildiretug'i'n ha'rip qaysi' juwapta berilgen?

a) u
v) o
s) i'

d) a

2. So’zdin’ aqi’ri’nda jumsali’wi’ sheklengen ha’riplerdi ani’qlan’.
a) a, i’
v) o, o’
s) a’, i
d) e, i’

3. Ayi’ri’m so’zlerde sozi’li’n’qi’ ayti’latug’i’n ha’ripler qaysi’ juwapta berilgen?
a) e, a
v) a, a’
s) u, u’
d) i’, i

4. Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jan’a qaraqalpaq a’lipbesinde ha’ripler xi’zmetine qaray neshege bo’linedi?
a) alti’g’a
v) beske
s) to’rtke
d) yekige

5. Jazi’w ne ushi’n payda bolg’an?
a) qari’m-qatnas jasaw ushi’n
v) woy-pikirdi uzaq arali’qqa jetkeriw ushi’n
s) woy-pikirdi uzaq waqi’t saqlaw ushi’n
d) V ha’m S juwaplar

6. Jan’a a’lipbede qaysi’ juwaptag’i’ ha’riplerdin’ bas ha’ribi qosi’msha belgiler arqali’ keyingi ha’ripke tutasti’ri’li’p jazi’ladi’?
a) a, a’
v) o, o’
s) u, u’
d) e

7. Qaysi’ juwaptag’i’ ha’ripler qosi’mtalarda jumsalmaydi’**?**
a) a, i’
v) i, e
s) u, i’
d) a’, o

8. Qaysi’ a’lipbe b.e.sh. VIII-VII a’sirlerde vokalli’q a’lipbege wo’tti?
a) grek
v) lati’n

s) arab
d) aramey

9. Qaraqalpaq tilinde **o** ha'ribi qanday jag'dayda a sesin an'latadi'?
a) rus tilinen kirgen, pa't tu'spegen so'zlerde
v) rus tilinen kirgen, pa't tu'sken so'zlerde
s) so'zdin' basi'nda kelgende
d) so'zdin' wortasi'nda kelgende

10. Qaysi' juwaptag'i' so'zlerdin' jazi'li'wi'nda fonetikali'q tiykar yesapqa ali'ng'an?
a) basshi', sanli'q
v) samal, duzshi'
s) bala, terek
d) aylani'w, sag'al

11. U'nli dawi'ssi'zlardi' tabi'n'?
a) b, v, g, g', d, j, z
v) p, f, k, q, t, sh, s
s) b, p, g, k, g', q, j, sh
d) sh, f, s, l, m, n, n'

12. So'zdin' aqi'ri'nda jumsali'wi' sheklengen dawi'ssi'zlardi' ani'qlan'?
a) b, g, d
v) r, y, w
s) m, n, n'
d) f, v, ts

13. So'zleri duri's jazi'lg'an juwapti' ani'qlan'?
a) ha'rkim, geybir, ayaqkiyim
v) bir neshe, a'lle qanday, Aral boyi'
s) teleko'rsetiw, geypara, ha'r ku'ni
d) kino teatr, KAMAZ, aq qutan

14. Kirill a'lipbesindegi **я, ю, ё** ha'ripleri jan'a a'lipbede qalay beriledi**?**
a) y, yu, yo'
v) ya, yu, yo
s) ya', iu, uy
d) i'y, iy, yo

15. Sh ha'ribi neshe ha'ripti bildiredi**?**
a) bir sesti
v) yeki sesti
s) u'sh sesti
d) to'rt sesti

16.Qaysi’ juwaptag’i’ so’zlerdi wo’tkermelewge bolmaydi’?

a) ana, 1 kg, QMU

v) kitap, da’pter, stol

s) Temur, da’pter, stol

d) ruchka, qa’lem, su’wret

17. Aqi’ri’ q, k, p dawi’ssi’zlari’na pitken so’zlerge dawi’sli’ seslerden baslang’an qosi’mta qosi’lsa **...**

a) q sesi g’ sesine, k sesi g sesine, p sesi b sesine wo’zgeredi

v) q sesi g’ sesine, k sesi g sesine, p sesi b sesine aylani’p ayti’ladi’, biraq jazi’wda esapqa ali’nbaydi’

s) q sesi k sesine, g’ sesi g sesine, p sesi b sesine wo’zgeredi

d) wo’zgeris bolmaydi’

18. Klass, gripp, kilovatt, ball so’zlerine qanday qosi’mta qosi’lg’anda qabatlasqan birdey yeki dawi’ssi’zdi’n’ birewi tu’sip qaladi’?

a) dawi’sli’ sesten baslang’an qosi’mta qosi’lg’anda

v) dawi’ssi’z sesten baslang’an qosi’mta qosi’lg’anda

s) dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z sesten baslang’an qosi’mta qosi’lg’anda

d) tarti’m qosi’mtalari’ qosi’lg’anda

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar

1. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ 1995-ji’l 10-dekabr № 281\12 qarari’.

2. Da’wletov.M, Dawenov.E. Qaraqalpaq tilinin’ imla so’zligi. No’kis, «Bilim». 1997

3. Da’wletov A. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Fonetika. No’kis, «Bilim». 1999.

4. Berdimuratov Ye., Da’wletov A. Til bilimine kirispe. No’kis, «Qaraqalpaqstan». 1988.

5. Ubaydullaev K. Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tili. Fonetika. No’kis, 1965.

6. Jan’a qaraqalpaq alipbesi ha’m imla qag’i’ydalari’ (Bag’darlama). No’kis 1999.

7. Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq alipbesin ha’m imla qag’i’ydalari’n u’yreniw bag’darlamasi’, No’kis, «Bilim». 1999.

8. Allanazarov.Q, Nurmaxova.J. Qaraqalpaq alipbesi (metodikali’q qollanba). No’kis. 2002.

9. Qaraqalpaq adebi tlining alfaviti ham orfografiyasi’. Tortkul, 1940.

10. Da’wletov A., Da’wletov M., Qudaybergenov M. Qaraqalpaq tili imla qagi’ydalari’ni’n’ ji’ynag’i’. No’kis, «Bilim». 2011.

**«Ma'mleketlik til haqqi'nda» g'i'
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'n
(jan'a redakciyada)
Ha'reketke yengiziw ta'rtibi haqqi'nda
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi**

**Q A R A R  Y E T E D I:**

*1.* ***«Ma'mleketlik til haqqi'nda»***g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami' (9 ha'm 10 statyalari'nan basqa) qabi'l yetilgen ku'nnen baslap ha'reketke yengizilsin.

*2.* ***«Ma'mleketlik til haqqi'nda»***g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'ni'n' 9 ha'm 10 statyalari' lati'n jazi'wi'na tiykarlang'an qaraqalpaq ha'm wo'zbek a'lipbelerine toli'q wo'tilgennen keyin, yag'ni'y 2005-ji'ldi'n' 1-sentyabrinen baslap ku'shine kirdi dep yesaplansi'n.

*3.* Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esine yeki ay mu'ddet ishinde wo'z sheshimlerin **«Ma'mleketlik til haqqi'nda»** g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'na muwapi'q keltiriw, Respublika ministrlikleri, vedomostvolari'ni'n' usi' Ni'zamg'a qayshi' keletug'i'n wo'z normativlik aktlerin qayta qarap shi'g'i'wi'n ta'miyinlew tapsi'ri'lsi'n.

***Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqari' Ken'esinin'
Basli'g'i': U'.A'shirbekov.
No'kis qalasi': 18-sentyabr, 1996-ji'l.***

***1-statya.*** Qaraqalpaq ha’m wo’zbek tilleri Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik tili boli’p tabi’ladi’.

***2-statya.*** Qaraqalpaq ha’m wo’zbek tillerine ma’mleketlik til statusi’ni’n’ beriliwi respublika aymag’i’nda jasap ati’rg’an milletler ha’m xali’qlardi’n’ wo’z ana tilin paydalani’wi’nda Konstituciyali’q huqi’qlari’n kemsitpeydi.

***3-statya.*** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ aymag’i’nda qaraqalpaq ha’m wo’zbek tillerinin’ ma’mleketlik til si’pati’nda ha’reket yetiwinin’ huqi’qi’y tiykarlari’ usi’ ni’zam ha’m basqa da Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikalari’ni’n’ ni’zam aktleri menen belgilenedi.

Bul ni’zam tillerdi turmi’sta, wo’zara qatnasta ha’m diniy ja’ne si’yi’ni’wshi’li’q salt-da’stu’rlerin atqari’wda paydalani’wdi’ ta’rtiplestirmeydi.

Puqaralar milletler arali’q qatnasi’q tilin wo’zlerinin’ qa’lewinshe tan’lap ali’w huqi’qi’na iye boladi’.

***4-statya.*** Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda barli’q puqaralarg’a ma’mleketlik tildi u’yreniw ha’m woni’n’ aymag’i’nda jasap ati’rg’an milletler ha’m xali’qlardi’n’ tillerine hu’rmet penen qatnas jasaw ushi’n sharayatlar jarati’ladi’, bul tillerdi rawajlandi’ri’w ushi’n jag’daylar du’zip berilgen.

Puqaralardi’ ma’mleketlik tilge u’yretiw biypul a’melge asi’ri’ladi’.

***5-statya.*** Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda ma’mleketlik tilde ha’reket yetetug’i’n mektepke deyingi balalar mekemelerin du’ziw, al milliy toparlar ti’g’i’z jasap ati’rg’an wori’nlardi’n’ tillerinde de mektepke deyingi balalar mekemelerin du’ziw ta’miyinlenedi.

***6-statya***. Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda jasap ati’rg’an puqaralar woqi’w tilin yerkin tan’law huqi’qi’na iye.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ma’mleketlik tilde, sonday-aq za’ru’rligi menen mu’mkinshiligine qarap basqa da ayi’ri’m tillerde, uluwma ka’sip-texnikali’q, worta arnawli’ ha’m joqari’ bilim ali’wdi’ta’miyinleydi.

***7-statya***. Ma’mleketlik tildin’ ra’smiy ha’reket yetiw salalari’nda qaraqalpaq ha’m wo’zbek tillerinin’ qollani’li’p ati’rg’an ilimiy qa’deleri’ ha’m normalari’ saqlanadi’.

Ma’mleket, ma’mleketlik tildi bayi’ti’w ha’m jetistiriwdi, soni’n’ ishinde wog’an ko’pshilik ta’repinen ta’n ali’ng’an ilimiy-texnikali’q ha’m ja’miyetlik-siyasiy terminologiyani’ yengiziw yesabi’nan bayi’ti’w ha’m jetilistiriwdi’ ta’miyinleydi.

Ma’mleketlik tilge jan’a ilimiy tiykarlang’an terminler ja’miyetlik dodalawdan keyin Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ tiyisli komitetinin’ kelisimi’ boyi’nsha kirgiziledi.

***8-statya.*** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zam aktleri, ma’mleketlik ha’kimiyat ha’m basqari’w uyi’mlari’ni’n’ basqa da hu’jjetleri ma’mleketlik tilde qabi’l yetiledi ha’m ja’riyalanadi’. Bul hu’jjetlerdin’ awdarmali’ za’ru’r bolg’an jag’daylarda basqa da ayi’ri’m tillerde ja’riyalanadi’.

Jergilikli’ ha’kimiyat ha’m basqari’w uyi’mlari’ni’n’ hu’jjetleri’ma’mleketlik tilde qabi’l yetiledi ha’m ja’riyalanadi’. Ayi’ri’m milletlerdin’ wa’killeri ti’g’i’z jasap

ati'rg'an wori'nlari'nda respublikani'n' ma'mleketlik tilinde ha'm sol millet tilinde qabi'l yetiledi ha'm ja'riyalanadi'.

***9-statya.*** Ma'mleketlik ha'kimiyat basqari'w uyi'mlari'nda jumi's ma'mleketlik tilde ali'p bari'ladi' ha'm za'ru'rligine qaray basqa ayi'ri'm tillerge awdari'w ta'miyinlenedi.

Respublikada wo'tkeriletug'i'n xali'q arali'q a'njumanlardi'n' jumi's tili'– ma'mleketlik til, sonday-aq qatnasi'wshi'lardi'n' wo'zleri tan'lag'an tiller boli'p tabi'ladi'.

***10-statya***. Ka'rxanalarda, mekemelerde, sho'lkemlerde ha'm ja'miyetlik birlespeler de is ju'rgiziw, yesap-stastikali'q ha'm finansli'q hu'jjetler ma'mleketlik tildi bilmeytug'i'n ja'ma'a'tlerde ma'mleketlik til menen bir qatarda basqa da geypara tillerde a'melge asi'ri'li'wi' mu'mkin.

***11-statya.*** Sud isleri'ma'mleketlik tilde yamasa sol jerdegi ko'pshilik xali'qti'n' tilinde ju'rgiziledi. Iste qatnasi'p ati'rg'an sud isleri' ju'rgizilip ati'rg'an tildi bilmeytug'i'n adamlarg'a dilmash arqali' is materiallari' menen tani'si'w huqi'qi' ha'm sudta wo'z ana tilinde shi'g'i'p so'ylew huqi'qi' ta'miyinlenedi.

Ka'rxanalar, sho'lkemler ha'm sheshiwde ma'mleketlik til paydalani'ladi'. Ta'replerdin' kelisimi menen xojali'q dawlari' basqa tilde de qarap shi'g'i'li'wi' mu'mkin.

***12-statya.*** Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda notarialli'q ha'reketler ma'mleketlik tilde a'melge asi'ri'ladi'. Puqaralardi'n' talap yetiwi boyi'nsha ma'mleketlik notarius yamasa notarialli'q ha'reketlerdi wori'nlawshi' adam ta'repinen ra'smiylestirilgen hu'jjettin' teksti rus tilinde yamasa mu'mkinshilikler bar bolsa basqa da maqul tilde beriledi.

***13-statya.*** Puqarali'q halat aktleri, adamni'n' kim yekenligin ha'm woni'n' huqi'qlari'n tasti'yi'qlaytug'i'n hu'jjetler ma'mleketlik tilde ra'smiylestiriledi, al za'ru'r bolg'an jag'dayda basqa ayi'ri'm tilde ta'kirarlani'wi' mu'mkin.

***14-statya.*** Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i'nda jasap ati'rg'an adamlarg'a ma'mleketlik sho'lkemler ha'm mekemelerge, ja'miyetlik birlespelerge arzalar, usi'ni'slar, shag'i'mlar menen ma'mleketlik ha'm basqa da tillerde mu'ra'jat yetiw huqi'qi' ta'miyinlenedi.

***15-statya.*** Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda jasap ati'rg'an adamlar qanday millette yekenligine qaramastan, wo'z ismin, a'kesinin' ati'n ha'm familiyasi'n, milliy-tariyxi'y da'stu'rlerge muwapi'q tu'rde jazi'w huqi'qi'na iye boladi'.

***16-statya.*** Televidenie ko'rsetiwleri ha'm radio yesittiriwleri ma'mleketlik tilde, sonday-aq basqa tillerde ali'p bari'ladi'.

***17-statya.*** Baspa jumi'si'ma'mleketlik tilde, al talaplardi' yesapqa ali'w menen basqa da tillerde a'melge asi'ri'ladi'.

***18-statya.*** Pochta-telegraf jo'neltpeleri ma'mleketlik tilde yamasa puqaralardi'n' tilegi boyi'nsha basqa tilde a'melge asi'ri'ladi'.

***19-statya.*** Mekemeler, sho'lkemler ha'm ja'miyetlik birlespeler mo'rlerinin', shtamplari'ni'n', blankalari'nin' tekstleri ma'mleketlik tilde jazi'ladi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i'nda jaylasqan xali'q arali'q sho'lkemler ha'm mekemelerdin', birliktegi ka'rxanalardi'n', sonday-aq milliy-ma'deniy

ja’miyetler ha’m woraylardi’n’ mo’rlerin, shtamplari’ni’n’, blankalari’ni’n’ tekstleri wo’zleri qa’legen tilde jazi’ladi’ ha’m ma’mleketlik tilde ta’kirarlanadi’.

***20-statya.*** Qi’sti’ri’li’p qoyi’latug’i’n atamalar, xabarlandi’ri’wlar, basqa jazi’lg’an qag’azlar ha’m basqa da ko’rsetpeli, sonday-aq awi’zsha mag’luwmat tekstleri ma’mleketlik tilde ra’smiylestiriledi ha’m ja’riyalanadi’.

***21-statya.*** Ka’rxanalardi’n’ islep shi’g’ari’lg’an wo’nimleri ma’mleketlik tilde, kerek bolg’an jag’dayda ha’m mu’mkinshiligine qarap basqa da ayi’ri’m tillerde yarli’qlar, instrukciyalar, etiketkalar menen ta’miyinlenedi.

***22-statya.*** Respublikani’n’ ha’kimshilik aymaqli’q birliklerinin’, maydanlari’ni’n’, ko’shelerinin’ ha’m geografiyali’q obyektlerinin’ atamalari’ ma’mleketlik tilde jazi’ladi’.

***23-statya.*** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ xali’q arali’q sha’rtnamasi’ni’n’ tekstleri, sha’rtnamani’n’ wo’zinde basqa na’rse na’zerde tuti’lmag’an bolsa, ma’mleketlik tilde (ta’repler) tilinde du’ziledi.

***24-statya.*** Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda ma’mleketlik yamasa basqa da tillerge mensinbey yamasa qasli’q penen qatnas jasaw qadag’an yetiledi. Puqaralardi’n’ qari’m-qatnas, ta’rbiya ha’m huqi’qi’n a’melge asi’ri’wi’na tosqi’nli’q jasawshi’ adamlar ni’zam hu’jjetlerine muwapi’q juwapker boladi’.

# «QARAQALPAQSTAN ASSRI’NI’N’ MA’MLEKETLIK TILI HAQQI’NDA» QARAQALPAQSTAN ASSR NI’ZAMI’N WO’Z KU’SHINE YENGIZIW TUWRALI’ QARAQALPAQSTAN ASSR JOQARG’I’ SOVETININ’

## QARARI’

«Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ ma’mleketlik tili haqqi’nda» Qaraqalpaqstan ASSR Ni’zami’ni’n’ qabi’l yetiliwine baylani’sli’ Qaraqalpaqstan Avtonomiyali’ Sovet Socialistlik Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Soveti **qarar yetedi**:

1. «Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ ma’mleketlik tili haqqi’nda» Ni’zamni’n’ rejeleri turmi’sti’n’ barli’q salalari’na kem-kemnen yengiziw maqsetinde 4-statyani’n’ birinshi bo’limi ha’m 7-statya 10 ji’l dawami’nda wo’z ku’shine yengiziledi, 4-statyani’n’ yekinshi bo’limi 1990-1991-ji’ldan baslap wo’z ku’shine kire baslaydi’; 19-statya 7 ji’l dawami’nda wo’z ku’shine yengiziledi; 5, 8 ha’m 16-statyalar 5 ji’l dawami’nda wo’z ku’shine yenedi; 22-statya 1991-ji’ldan baslap wo’z ku’shine yene baslaydi’, dep belgilensin.

Ni’zamni’n’ qalg’an barli’q statyalari’ usi’ Ni’zam qabi’l yetilgen ku’nnen baslap wo’z ku’shine kiredi.

2. Qaraqalpaqstan ASSR Ministrler Soveti «Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ ma’mleketlik tili haqqi’nda» Qaraqalpaqstan ASSR Ni’zami’n a’melge asi’ri’w boyi’nsha ma’mleketlik programmani’ alti’ ayli’q mu’ddet ishinde qabi’l yetsin.

3. Qaraqalpaqstan ASSR Ministrler Sovetine Qaraqalpaqstan ASSR hu’kimetinin’ qararlari’n ati’ atlag’an usi’ Ni’zamg’a muwapi’q keltiriw tapsi’ri’lsi’n.

Qaraqalpaqstan ASSR Joqarg’i’ Soveti
Prezidiumi’ni’n’ Predsedateli: T.Yeshimbetova

Qaraqalpaqstan ASSR Joqarg’i’ Soveti
Prezidiumi’ni’n’ Sekretari’: G.Annaqli’sheva

No’kis qalasi’, 1-dekabr 1989-ji’l

# QARAQALPAQSTAN ASSR I’NI’N’ MA’MLEKETLIK TILI HAQQI’NDA QARAQALPAQSTAN AVTONOMIYALI’ SOVET SOCIALISTLIK RESPUBLIKASI’NI’N’ NI’ZAMI’

Til – millettin’ biybaha bayli’g’i’. Wol milletti ekonomikali’q, ilimiy-texnikali’q ha’m ma’deniy progreske ilgeriletiwdegi ku’shli qural boli’p tabi’ladi’. Sonli’qtan ha’r bir millettin’ wo’z ana tilinin’ ja’miyet turmi’si’ndag’i’ rolin ko’teriwge umti’li’wi’ toli’q ni’zamli’ qubi’li’s.

Qaraqalpaqstan ASSRi’ qaraqalpaq tilin ma’mlekettin’ qorg’awi’ asti’na aladi’. Bul Ni’zam Qaraqalpaqstan Avtonomiyali’ Sovet Socialistlik Respublikasi’ni’n’ pu’tkil territoriyasi’nda qaraqalpaq tilinin’ ma’mleketlik til si’pati’nda qollani’li’wi’ni’n’ huqi’q tiykarlari’n belgileydi.

Qaraqalpaq tiline ma’mleketlik til statusi’ni’n’ beriliwi respublikani’n’ territoriyasi’nda jasawshi’ milletlerdin’ ha’m xali’qlardi’n’ ana tilin qollani’wda wolardi’n’ konstituciyali’q huqi’qlari’n sheklemeydi.

Bul Ni’zam jeke adamlardi’n’ arasi’ndag’i’ qari’m-qatnasi’qlarda, a’skeriy bo’limlerde, diniy ha’m da’stu’riy u’rp-a’detlerdi belgilewde tillerdin’ qollani’li’wi’n qatan’ bir ta’rtipke sali’p taslamaydi’.

**1-statya.** Qaraqalpaq tili Qaraqalpaqstan Avtonomiyali’ Sovet Socialistlik Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik tili boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaqstan ASSRi’ Respublikani’n’ siyasiy, socialli’q, ekonomikali’q ha’m ma’deniy turmi’si’nda qaraqalpaq tilinin’ bari’nsha rawajlani’wi’n ha’m qollani’li’wi’n ta’miyinleydi. Ma’mleketlik tildin’ rawajlani’wi’n, paydalani’li’wi’n ha’m qorg’ali’wi’n ta’miyinlewge baylani’sli’ bolg’an barli’q ma’seleler Qaraqalpaqstan Avtonomiyali’ Sovet Socialistlik Respublikasi’ni’n’ biyligine kiredi.

Qaraqalpaqstan ASSRi’ wo’zinin’ territoriyasi’nda tilge baylani’sli’ barli’q ma’selelerdi sheshiw huqi’qi’na iye.

**2-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ wo’zinin’ territoriyasi’nda barli’q milletlerdin’ ha’m xali’qlardi’n’ ana tillerinin’ yerkin qollani’li’wi’n ta’miyinleydi, usi’ tillerdin’ rawajlani’wi’ ushi’n qolayli’ jag’daylar du’zedi, hu’rmetli mu’na’sibet payda yetedi, milletler arali’q qari’m-qatnas tili retinde rus tilin yerkin paydalani’wdi’ ta’miyinleydi.

**3-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ wo’z territoriyasi’nda jasawshi’ adamlarg’a avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde ma’mleketlik, ja’miyetlik sho’lkemlerge ha’m ma’kemelerge arzalar ha’m usi’ni’slar, shag’i’mlar jazi’p bari’wi’na, sonday-aq, wolarg’a ma’mleketlik tilinde juwaplar ali’w huqi’qi’n ta’miyinleydi. Grajdanlardi’n’ basqa tillerde de jog’ali’p-xabarlasi’w, ma’mleketlik tilde ha’m milletler arali’q qari’m-qatnas tilinde juwaplar ali’w huqi’qi’n ta’miyinleydi.

**4-statya.** Ma’mleketlik ha’kimiyat ha’m basqari’w organlari’ni’n’ basshi’lari’ ja’ne xi’zmetkerleri, sonday-aq, wo’zinin’ jumi’si’ boyi’nsha xali’qqa xi’zmet ko’rsetiwge baylani’sli’ bolg’an Qaraqalpaqstan ASSRi’nda islewshi adamlar wo’zlerinin’ xi’zmet wazi’ypalari’n wori’nlawi’ ushi’n avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilin jeterli da’rejede biliwi tiyis.

Qaraqalpaqstan ASSRi’ qaraqalpaq tilin bilmeytug’i’n grajdanlarg’a wo’zlerinin’ xi’zmet wazi’ypalari’n wori’nlawi’ ushi’n jetkilikli da’rejede avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilin biypul u’yretiwdi ta’miyinleydi.

**5-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ ma’mleketlik ha’kimiyat ha’m basqari’w organlari’nda syezdler, plenumlar, quri’ltaylar, sessiyalar, konferentsiyalar, ma’jilisler, ken’esler avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde wo’tkeriledi, ja’ne sa’ykes awdarmasi’n ta’miyinleydi.

Miynet kollektivlerinde ji’ynali’slar ma’mleketlik tilde, sonday-aq, ji’ynali’s qatnasi’wshi’lari’ tasti’yi’qlang’an tilde de wo’tkeriledi. Ji’ynali’sqa qatnasi’wshi’ ha’r bir adam qa’legen tilinde shi’g’i’p so’ylewi mu’mkin, woni’n’ so’zi ji’ynali’s ali’p bari’lg’an tilge awdari’ladi’.

Avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tili, sonday-aq, qatnasi’wshi’lardi’n’ wo’zleri tan’lap alg’an til de Qaraqalpaqstan ASSRi’nda wo’tkeriletug’i’n xali’q arali’q, pu’tkilsoyuzli’q, respublikalar arali’q simpoziumlardi’n’, konferenciyalardi’n’, ken’eslerdin’ ha’m ji’ynali’slardi’n’ jumi’s tilleri boli’p tabi’ladi’.

**6-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ ma’mleketlik ha’kimiyat ha’m basqari’w organlari’ni’n’ ni’zamlari’, qararlari’ ha’m basqa da hu’jjetleri avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde tayarlanadi’, qabi’l yetiledi ha’m dag’azalanadi’, usi’ hu’jjetlerdin’ awdarmalari’ milletler arali’q qari’m-qatnas tili bolg’an rus tilinde ha’m Wo’zbekstan SSRi’ni’n’ ma’mleketlik tili bolg’an wo’zbek tilinde ra’smiy baspa so’zde ja’riyalanadi’.

Rayonlarda, qalalarda, awi’llarda, posyolkalarda ha’m wo’zbekler, qazaqlar, tu’rkmenler ja’ne basqa milletlerdin’ wa’killeri ja’m boli’p jasap ati’rg’an basqa da wori’nlarda jergilikli ha’kimiyat ha’m basqari’w organlari’ni’n’ hu’jjetleri avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tili menen bir qatarda sol millettin’ tilinde de yamasa milletler arali’q qari’m-qatnas tilinde qabi’l yetiliwi ha’m dag’azalani’wi’ mu’mkin.

**7-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ ka’rxanalari’nda ha’m ma’kemelerinde, sho’lkemlerinde ha’m birlespelerinde is qag’azlari’ avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde ju’rgiziledi.

Islep ati’rg’an adamlardi’n’ ko’pshiligi qaraqalpaq tilin bilmeytug’i’n ka’rxanalarda, birlespelerde, ma’kemelerde ha’m sho’lkemlerde is qag’azlari’ avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tili menen bir qatarda rus ha’m basqa da tillerde de a’melge asi’ri’li’wi’ mu’mkin. Usi’nday ka’rxanalardi’n’ dizimin xali’q deputatlari’ni’n’ rayonli’q, qalali’q Sovetlerinin’ usi’ni’wi’ boyi’nsha Qaraqalpaqstan ASSR Ministrler Soveti belgileydi.

Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ territoriyasi’nda jaylasqan soyuzg’a ha’m soyuzli’q respublikag’a bag’i’natug’i’n ka’rxanalarda is qag’azlari’ avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tili menen bir qatarda rus ha’m wo’zbek tillerinde ju’rgiziledi.

**8-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ territoriyasi’na jaylasqan ka’rxanalarda, ma’kemelerde ha’m sho’lkemlerde yesap-statistika ha’m finans hu’jjetleri avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde, sonday-aq, rus ha’m wo’zbek tillerinde ju’rgiziledi. Avtonomiyali’ respublikani’n’ ti’sqari’si’na jiberiletug’i’n

yesap-sanaq ha’m finans hu’jjetleri rus tilinde ha’m yeki ta’rep ushi’n maqul bolg’an basqa tilde ju’rgiziledi.

**9-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ ma’mleketlik ha’kimiyat ha’m basqari’w organlari’ uluwma soyuzli’q sho’lkemler menen qatnasi’qlarda milletler arali’q qari’m-qatnas tilin paydalanadi’.

Soyuzli’q, avtonomiyali’ respublikalar ha’m si’rt yeller menen qatnasi’qlarda yeki ta’rep ushi’n maqul bolg’an til paydalani’ladi’.

**10-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’nda sud isleri avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde yamasa sol wori’ndag’i’ ko’pshilik xali’qti’n’ tilinde ju’rgiziledi.

Iske qatnasi’p ati’rg’an sud isleri ju’rgizilip ati’rg’an tildi bilmeytug’i’n adamlarg’a ana tilinde bildiriw, gu’wali’qlar beriw, wo’tinishler bildiriw, barli’q materiallar menen tani’si’w, sudta shi’g’i’p so’ylew ha’m ni’zam menen belgilengen ta’rtipte dilmashti’n’ xi’zmetlerinen paydalani’w huqi’qi’ ta’miyinlenedi.

Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ arbitraj organlari’nda ka’rxanalar, sho’lkemler ha’m mekemeler arasi’ndag’i’ xojali’q dawlari’n qaraw ha’m sheshiw waqti’nda avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tili qollani’ladi’, za’ru’r bolg’an jag’dayda bul dawlar rus tilinde qarali’wi’ da mu’mkin. Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ ha’m basqa da respublikalardi’n’ ka’rxanalari’ arasi’ndag’i’ xojali’q dawlari’ milletler arali’q qari’m-qatnas tilinde qaraladi’.

**11-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ ma’mleketlik notarialli’q ken’selerindegi, xali’q deputatlari’ni’n’ rayonli’q, qalali’q, posyolkali’q ha’m awi’lli’q Sovetlerinin’ atqari’w komitetlerindegi notarialli’q isler avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde a’melge asi’ri’ladi’. Grajdanlardi’n’ talap yetiwi boyi’nsha ma’mleketlik notarius yamasa notarialli’q islerdi atqari’wshi’ basqa adam ra’smiylestirip ati’rg’an hu’jjettin’ teksti rus tilinde yamasa mu’mkinshilik bolg’an jag’dayda, wolar ushi’n maqul bolg’an basqa tilde de wori’nlanadi’.

**12-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’nda grajdanli’q halat aktleri, insanni’n’ kim yekenligin ha’m woni’n’ huqi’qlari’n tasti’yi’qlawshi’ hu’jjetler avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde ra’smiylestiriledi ha’m rus tiline awdari’li’p beriledi.

**13-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’nda jasawshi’ grajdanlarg’a woqi’w tilin yerkin tan’lap ali’w huqi’qi’ beriledi.

Qaraqalpaqstan ASSRi’ wo’zinin’ territoriyasi’nda xali’qti’n’ talaplari’na tiykarlana woti’ri’p, avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde uluwma worta bilim ali’wdi’ ta’miyinleydi, respublikani’n’ grajdanlari’ rus, wo’zbek, qazaq, tu’rkmen tillerinde, sonday-aq, avtonomiyali’ respublikada ja’m boli’p jasap ati’rg’an basqa milletlerdin’ tillerinde de uluwma worta bilim ali’w huqi’qi’ menen ta’miyinlenedi.

Qaraqalpaqstan ASSRi’nda ha’zir islep turg’an mektepke deyingi balalar ma’kemeleri menen bir qatarda qaraqalpaq tilinde, al milliy toparlar ja’m boli’p jasap ati’rg’an wori’nlarda solardi’n’ tillerinde de mektepke deyingi balalar ma’kemelerin du’ziw ta’miyinlenedi.

**14-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ ka’sip-texnikali’q uchilishelerinde, worta arnawli’ ha’m joqari’ woqi’w wori’nlari’nda wolardi’n’ qanday

vedomostvoli’q bag’i’ni’wda boli’wi’na qaramastan, avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde, sonday-aq, rus ha’m wo’zbek tillerinde, al jag’daylarg’a qaray basqa tillerde de woqi’w ta’miyinlenedi.

Qaraqalpaqstan ASSRi’nda avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde, sonday-aq, milletler arali’q qari’m-qatnas tilinde mu’mkinshiligine qaray avtonomiyali’ respublikada paydalani’p ati’rg’an basqa tillerde de mamanli’qti’ artti’ri’w ha’m qa’nigelerdi qayta tayarlaw ta’miyinlenedi.

**15-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ qaraqalpaq tilinen basqa tilde woqi’ti’li’p ati’rg’an uluwma bilim beretug’i’n mekteplerde, ka’sip-texnikali’q uchilishelerinde, worta anawli’ ha’m joqari’ woqi’w wori’nlari’ni’n’ gruppalari’nda ja’ne bo’limlerinde woqi’w plani’ni’n’ tiykarg’i’ pa’ni si’pati’nda qaraqalpaq tilinin’ woqi’ti’li’wi’n ta’miyinleydi; usi’ pa’n boyi’nsha zachyot tapsi’ri’ladi’ yamasa gu’rrin’lesiw wo’tkeriledi.

Qaraqalpaqstan ASSRi’nda, woqi’w rus tilinen basqa tilde ju’rgizilip ati’rg’an uluwma bilim beretug’i’n mekteplerde, ka’sip-texnikali’q uchilishelerinde, worta arnawli’ ha’m joqari’ woqi’w wori’nlari’nda woqi’w plani’ni’n’ tiykarg’i’ pa’n si’pati’nda rus tilinin’ woqi’ti’li’wi’n ta’miyinleydi; usi’ pa’n boyi’nsha pitkeriw imtixani’ tapsi’ri’ladi’.

**16-statya.** Qaraqalpaq tilinde woqi’ti’latug’i’n mekteplerde, pedagogikali’q uchilishelerde, joqari’ woqi’w wori’nlari’ni’n’ tariyx ha’m filologiya bo’limlerinde arab a’lipbesi tiykari’ndag’i’ yeski qaraqalpaq jazi’wi’n u’yreniw ta’miyinlenedi, sonday-aq, bul a’lipbeni u’yreniwdi qa’lewshiler ushi’n jag’daylar du’ziledi.

**17-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde sabaqli’qlar, woqi’w-metodikali’q qurallar, ja’miyetlik siyasiy, ilimiy-texnikali’q ha’m ko’rkem a’debiyatlar tayarlawdi’ ha’m basi’p shi’g’ari’wdi’ ta’miyinleydi.

Qaraqalpaqstan ASSRi’nda basqa respublikalar menen sha’rtnamalar ha’m kelisimler du’ziw tiykari’nda rus, wo’zbek, qazaq, tu’rkmen ha’m basqa da tillerdegi mekteplerdi sabaqli’qlar, woqi’w-metodikali’q, ko’rkem ha’m ilimiy-texnikali’q a’debiyatlar menen ta’miyinleydi.

Tuwi’sqan respublikalarda jasawshi’ qaraqalpaqlar ana tilinde woqi’w-metodikali’q, ko’rkem ha’m ilimiy-texnikali’q a’debiyatlar menen ta’miyinlenedi, ana tilin, bilimlendiriwdi ha’m milliy ma’deniyati’n saqlawda ha’m rawajlandi’ri’wda wolarg’a ja’rdem ko’rsetiledi.

**18-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’nda avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde ilimdi rawajlandi’ri’w ushi’n barli’q jag’daylar du’ziledi, qaraqalpaq tilinde, sonday-aq, rus ha’m wo’zbek tillerinde ilimiy jumi’slardi’ jaqlawg’a usi’ni’w ha’m basi’p shi’g’ari’w huqi’qi’ ta’miyinlenedi.

Qaraqalpaqstan ASSRi’nda qaraqalpaq a’debiy tilin rawajlandi’ri’w ha’m jetilistiriw maqsetinde ilimiy-texnikali’q ha’m ja’miyetlik-siyasiy terminologiya du’ziw ha’m rawajlandi’ri’w ta’miyinlenedi. Wo’tmishtin’ socialli’q, ekonomikali’q, a’debiy-ko’rkem ha’m ilimiy miyraslari’n ken’nen tarati’w ha’m teren’ u’yreniw ushi’n qaraqalpaq xalqi’ni’n’ tariyxi’y-ma’deniy yesteliklerin tu’p nusqa tilinde basi’p shi’g’ari’w a’melge asi’ri’ladi’.

**19-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’nda barli’q gazetalar, jurnallar ha’m byulletenler tiykari’nan avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde basi’p shi’g’ari’ladi’. Talaplardi’ yesapqa ali’p, wolardi’ rus ha’m basqa tillerde basi’p shi’g’ari’w ushi’n da jag’daylar du’ziledi.

Qaraqalpaqstan televideniesinin’ ha’m radiosi’ni’n’ ko’rsetiwleri menen yesittiriwleri avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde, sonday-aq, rus tilinde ju’rgiziledi.

Worayli’q, Wo’zbekstan, Qazaqstan ha’m Tu’rkmenstan televidenieleri menen radiolari’ni’n’ yesittiriwlerin ja’ne ko’rsetiwlerin belgili kanallar boyi’nsha ali’p beriw ta’miyinlenedi.

**20-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’nda avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde ha’m milletler arali’q qari’m-qatnas tilinde scenariyler, filmler do’retiw ha’m woyi’n-zawi’q ilajlari’n wo’tkeriw ta’miyinlenedi.

Si’rt yellerden ha’m basqa soyuzli’q respublikalardan ali’ni’p ati’rg’an kinofilmler, dramali’q shi’g’armalar qaraqalpaq tiline awdari’ladi’.

**21-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’ni’n’ territoriyasi’nda jasawshi’ barli’q milletlerdin’ wa’killeri milliy-ma’deniy woraylar du’ziw huqi’qi’na iye.

**22-statya.** Ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ ra’smiy mo’rlerinin’, shtamplari’ni’n’, blanklerinin’ so’zleri avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde jazi’ladi’ ha’m milletler arali’q qari’m-qatnas tiline awdari’ladi’. Milliy-ma’deniy, woraylardi’n’, mo’rlerdin’, shtamplari’ni’n’, qatnas qag’azlari’ni’n’ so’zleri wo’zleri tan’lap alg’an tilden ti’sqari’ avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tiline awdari’li’p beriliwi tiyis.

Ma’kemelerdin’ atamalari’, dag’azalardi’n’, ni’rqnamalardi’n’ ha’m basqa da ko’rsetpeli informaciyalardi’n’ tekstleri avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde jazi’ladi’. Awi’zeki informaciya qaraqalpaq tilinde dag’azalanadi’. Berilgen tekstler ha’m awi’zeki informaciyalar rus ha’m basqa tillerge awdari’ladi’. Qaraqalpaqstan ASSRi’nda islep shi’g’ari’li’p ati’rg’an barli’q tovarlar qaraqalpaq ha’m rus tillerinde tiyisli hu’jjetler menen ta’miyinlenedi.

**23-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’nda pochta-telegraf arqali’ jiberiletug’i’n xat-xabarlar grajdanlardi’n’ tilegi boyi’nsha avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde yamasa rus tilinde jiberiledi.

**24-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’nda rayonlardi’n’, qalalardi’n’, awi’llardi’n’, maydanlardi’n’, ko’shelerdin’ ha’m basqa geografiyali’q obyektlerdin’ milliy normada birden-bir atamasi’ boladi’ ha’m wolar avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilinde jazi’ladi’, rus tiline yamasa ja’mi boli’p jasap ati’rg’an milliy toparlardi’n’ tiline awdari’ladi’.

Qaraqalpaqstan ASSRi’nda barli’q tariyxi’y adamlardi’n’ isimleri ha’m wori’nlardi’n’ atamalari’ avtonomiyali’ respublikada jasawshi’ xali’qlardi’n’ milliy bayli’g’i’ boli’p tabi’ladi’ ha’m ma’mleket ta’repinen qorg’aladi’.

**25-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’nda jasawshi’ grajdanlar milletinen biyg’a’rez wo’zlerinin’ ismin, a’kesinin’ ati’n ha’m familiyasi’n (bir yamasa bir neshshe so’z benen) milliy-tariyxi’y da’stu’rlerge muwapi’q jazi’wg’a haqi’li’.

Qaraqalpaqlardi’n’ isimlerin, a’kesinin’ atlari’n ha’m familiyalari’n basqa tillerde jazarda, sonday-aq, pu’tkil jer ju’zine ma’lim bolg’an insanlardi’n’ isimlerin,

a’kesinin’ atlari’n ha’m familiyalari’n qaraqalpaq tilinde jazarda, wolardi’n’ tiykarg’i’ (tu’p nusqasi’n) jazi’li’wi’ saqlanadi’.

**26-statya.** Qaraqalpaqstan ASSRi’nda ma’mleketlik tilge yamasa basqa tillerge pisent yetpewshilik penen qarawg’a ti’yi’m sali’nadi’. Lawazi’mdag’i’ adamlardi’n’ avtonomiyali’ respublikani’n’ ma’mleketlik tilin yamasa milletler arali’q qari’m-qatnas tilin bilmeytug’i’nlari’n ba’nelep, grajdanlardi’n’ arzalari’n, shag’i’mlari’ ha’m usi’ni’slari’n qabi’l yetiwden ha’m wolardi’n’ bas tarti’wg’a haqi’si’ joq. Ta’rbiyalaw ha’m woqi’ti’w tilin yerkin tan’lap ali’w boyi’nsha grajdanlardi’n’ huqi’qi’n a’melge asi’ri’wg’a kesent keltiretug’i’n barli’q ha’reketler SSSR, Wo’zbekstan SSR ha’m Qaraqalpaqstan ASSR ni’zamlari’ menen belgilengen juwapkershilikke ali’p keledi.

**27-statya.** Ma’mleketlik ha’kimiyat ha’m ma’mleketlik basqari’w ma’kemelerinin’, sonday-aq Qaraqalpaqstan ASSR ma’kemelerinin’, ka’rxanalari’ni’n’ ha’m sho’lkemlerinin’ basshi’lari’na wo’zlerinin’ sorami’ndag’i’ sala sheklerinde usi’ Ni’zam talaplari’ni’n’ saqlani’wi’ ushi’n jeke juwapkershilik ju’klenedi.

**28-statya.** Ma’mleketlik tildin’ ra’smiy qollani’latug’i’n salalari’nda. Qaraqalpaq a’debiy tilinin’ wo’z ku’shindegi ilimiy qa’deleri menen normalari’ saqlanadi’.

**29-statya.** Qaraqalpaqstan Avtonomiyali’ Sovet Socialistlik Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik til haqqi’ndag’i’ usi’ Ni’zami’ni’n’ turmi’sqa asi’ri’li’wi’n qadag’alaw Qaraqalpaqstan ASSR Joqarg’i’ Sovetine ha’m woni’n’ til boyi’nsha turaqli’ komissiyasi’na ju’klenedi.

Qaraqalpaqstan ASSR Joqarg’i’ Soveti
Prezidiumi’ni’n’ Predsedateli: T.Yeshimbetova

Qaraqalpaqstan ASSR Joqarg’i’ Soveti
Prezidiumi’ni’n’ Sekretari’: G.Annaqli’sheva

No’kis qalasi’, 1-dekabr 1989-ji’l

## Mazmuni’

Alg’i’ so’z

Kirisiw. Jazi’wdi’n’ tariyxi’nan mag’luwmat. Qaraqalpaq tili a’lipbelerinin’ tariyxi’nan. Lati’n jazi’wi’na tiykarlang’an jan’a qaraqalpaq a’lipbesi

A’lipbedegi ha’riplerdin’ xi’zmeti ha’m imlasi’.

A, a’, i’, i, ye ha’riplerinin’ imlasi’

O, o’, u, u’ ha’riplerinin’ imlasi’.

Qaraqalpaq tili imla qag’i’ydalari’ni’n’ su’yenetug’i’n tiykarlari’

B, d, g, g’, j, z, v ha’riplerinin’ imlasi’. Qi’sqarg’an qospa so’zlerdin’ jazi’li’wi’

F, k, q, t, sh, s, x, h, p ha’riplerinin’ imlasi’. Ko’mekshi so’zlerdin’ jazi’li’wi’

L, y, r, w, m, n, n’ ha’riplerinin’ imlasi’.

Bas ha’riplerdin’ jazi’li’wi’

Kirill jazi’wi’na tiykarlang’an qaraqalpaq a’lipbesindegi я, ю, ё, ц, ч, щ, э ha’riplerinin’, ь (jin’ishkertiw) ha’m ъ (ayi’ri’w) belgilerinin’ jan’a qaraqalpaq a’lipbesindegi imlasi’. Wo’zlestirme so’zlerdin’ jazi’li’wi’

So’zlerdin’ qosi’li’p ha’m bo’lek jazi’li’wi’.

So’zlerdi wo’tkermelew

Tu’bir ha’m qosi’mtalardi’n’ imlasi’. So’zlerdin’ defis arqali’ jazi’li’wi’

Juwmaqlawshi’ sabaq. Test sorawlari’

Diktantlar ushi’n materiallar

Paydalani’lg’an a’debiyatlar